20. Raden Ayu Mas Semangkin membangun desa di Mayong karena merasa hutang budi dengan Ratu Kalinyamat dan Sultan Hadirin
21. Raden Ayu Mas Semangkin tinggal di Mayong hingga akhir hayatnya.

15) Sendhang Bidadari

Adapun satuan naratif cerita rakyat *Sendhang Bidadari* adalah sebagai berikut.

1. Jaka Tarub mendengar suara burung perkutut di sebuah bukit
2. Jaka Tarub mengejar terbangnya burung perkutut di atas sebuah bukit
3. Jaka Tarub mendengar suara orang mandi di sungai samping bukit
4. Jaka Tarub mengintip orang yang mandi di sungai karena penasaran, Jaka Tarub melihat tujuh bidadari sedang mandi di sungai
5. Jaka Tarub mengambil salah satu selendang bidadari untuk dibawa pulang
6. Nawang Wulang mencari selendangnya yang hilang

7. Nawang Wulan dan bidadari lainnya mencari selendang Nawang Wulan
8. Para bidadari pulang karena sudah saatnya kembali ke kayangan
9. Nawang Wulan bersumpah barang siapa yang menolongnya jika laki-laki akan dijadikan suaminya dan jika perempuan akan dijadikan saudaranya
10. Jaka Tarub menolong Nawang Wulan dengan memboyongnya ke rumah
11. Jaka Tarub dan Nawang Wulan menikah dan menjadi sepasang suami istri
12. Jaka Tarub dan Nawang Wulan mempunyai anak yang bernama Nawangsih
13. Nawang Wulan berpesan kepada Jaka Tarub untuk tidak mengganggu Nawang Wulan saat sedang menanak nasi
14. Nawang Wulan mencuci baju di sendhang
15. Jaka Tarub membuka tutup dandang untuk melihat masakan Nawang Wulan
16. Nawang Wulang pulang ke rumah usai mencuci baju
17. Nawang Wulan membuka penanak nasi untuk melihat hasil masakannya
18. Nawang Wulan curiga kepada Jaka Tarub karena masakannya tidak berhasil menjadi nasi

19. Nawang Wulan meminta Jaka Tarub membuat lesung untuk menumbuk padi
20. Nawang Wulan menumbuk padi di dalam lesung
21. Nawang Wulan memasak nasi dari padi yang sudah ditumbuk di dalam lesung
22. Jaka Tarub bekerja keras karena persediaan berasnya semakin menipis
23. Nawang Wulan menemukan selendangnya di tempat penyimpanan padi
24. Nawang Wulan dan anaknya, Nawangsih pulang ke kayangan tanpa sepengetahuan Jaka Tarub
25. Nawang Wulan menulis pesan kepada Jaka Tarub untuk membuat anjang-anjang yang dibawahnya diberi sekam dari ketan hitam yang dibakar
26. Jaka Tarub membakar sekam dari ketan hitam di bawah anjang-anjang pada saat bulan purnama agar bisa bertemu dengan Nawang Wulan dan Nawangsih.

16) Warok Singablendhang

Adapun satuan naratif cerita rakyat *Warok Singablendhang* adalah sebagai berikut.

1. Sultan Mataram mengirim pasukan yang dipimpin oleh Warok Singablendhang untuk melawan Belanda
2. Singoblendang membuat pos dibukit Donorojo bertempat tinggal

3. Pasukan Singablendhang kalah menghadapi pasukan Belanda karena tidak memiliki senjata lengkap
4. Singablendhang dan pasukannya bergerilya ke daerah Pakis Aji
5. Singablendhang mendirikan pos di Pakis Aji untuk mengatur strategi melawan Belanda
6. Belanda menyerang pos Singablendhang di Pakis Aji
7. Pasukan Singablendhang berhasil mengalahkan Belanda
8. Singablendhang pergi ke lereng Muria untuk mengamankan daerah di sekitar lereng Muria
9. Singablendhang dibunuh oleh Belanda pada saat peperangan di lereng Muria
10. Singablendhang dimakamkan di Pakis Aji.

17) Gong Senen

Adapun satuan naratif cerita rakyat *Gong Senen* adalah sebagai berikut.

1. Adipati Citrokusumo menemukan seperangkat gamelan di pendopo kabupaten yang tidak diketahui darimana asal usulnya.
2. Adipati Citrokusumo mencoba memainkan gamelan, namun gamelan terebut tidak bisa berbunyi.
3. Adipati Citrokusumo mencoba memainkan gamelan berulang kali, namun gamelan terebut tetap tidak bisa berbunyi.
4. Adipati Citrokusumo menceritakan kejadian tersebut kepada salah seorang pensehatnya.

5. Adipati Citrokusumo mengadakan pertemuan dengan para lurah di Jepara.
6. Para Lurah mengikuti pertemuan dengan Adipati Citrokusumo.
7. Adipati Citrokusumo menceritakan keanehan gamelan kepada para Lurah.
8. Adipati Citrokusumo menyuruh para Lurah untuk memainkan gamelan.
9. Satu persatu para Lurah mencoba memainkan gamelan atas perintah Adipati Citrokusumo, namun gamelan tetap tidak bisa berbunyi.
10. Lurah Senenan memainkan gamelan dan berhasil membunyikannya.
11. Adipati Citrokusumo memerintahkan Lurah Senenan untuk membunyikan gong setiap hari Senin pada saat pagi dan sore hari.
12. Adipati Citrokusumo memerintahkan Lurah Senenan untuk menjaga gamelan.

18) Asal Mula Desa Bugel

Adapun satuan naratif cerita rakyat Dumadine Desa Bugel adalah sebagai berikut.

1. Maulana Mangun Sejati menyebarkan agama Islam di Jepara.
2. Maulana Sejati dihadang sepuluh perampok dalam perjalanannya menyebarkan agama Islam.
3. Para perampok menyerang Maulana Mangun Sejati dengan memukulkan kayu ke badan Maulana Mangun Sejati.

4. Maulana Mangun Sejati berhasil mengalahkan para perampok karena kayu yang dipukulkan ke tubuhnya patah semua.
5. Para perampok menjadi murid Maulana Mangun Sejati.
6. Maulana Mangun Sejati membuat Desa Bugel.
7. Para perampok membantu Maulana Mangun Sejati membangun Desa Bugel.
8. Maulana Mangun Sejati membangun pesantren untuk mensyiarkan agama Islam di Desa Bugel.
9. Para warga berguru dengan Mulana Mangun Sejati di pesantren.
10. Maulana Mangun Sejati wafat dan dimakamkan di Desa Bugel.

19) Sultan Hadirin

Adapun satuan naratif cerita rakyat Sultan Hadirin adalah sebagai berikut.

1. Sultan Ibrahim bingung menentukan siapa yang akan menggantikannya menjadi Sultan Aceh
2. Toyip, anak dari Sultan Ibrahim pergi ke Cina untuk menghindari perebutan kekuasaan
3. Toyip bertemu dengan Cie Hwie Gwan di Cina dan menganggapnya ebagai ayah angkatnya
4. Toyip pergi ke Jawa untuk berguru kepada Sunan Kudus
5. Cie Hwie Gwan mengikuti perjalanan Toyip ke Pulau Jawa
6. Toyip menjadi murid Sunan Kudus untuk memperlajari ilmu agama

7. Sunan Kudus memerintahkan Toyip untuk menetap di daerah Kalinyamatan
8. Toyip menjadi saudagar kaya dan mengajarkan ilmu agama di daerah Kalinyamatan
9. Sultan Demak menjodohkan Toyip dengan Ratu Kalinyamat sehingga Toyip bergelar Sultan Hadirin
10. Sultan Hadirin dan Ratu Kalinyamat bersama-sama memerintah Jepara
11. Arya Penangsang membunuh Sunan Prawata, kakak ipar Sultan Hadirin
12. Sultan Hadirin, Ratu Kalinyamat dan para prajurit kerajan pergi ke Kudus untuk meminta keadilan kepada Sunan Kudus
13. Sunan Kudus memihak Arya Penangsang dengan alasan bahwa tindakan Arya Penangsang merupakan bentuk balas dendam
14. Sultan Hadirin, Ratu Kalinyamat dan para prajurit kerajaan kembali ke Jepara dengan rasa kecewa
15. Pasukan Arya Penangsang menyerang Sultan Hadirin, Ratu Kalinyamat, dan prajurit kerajaan
16. Sultan Hadirin terluka parah dalam penyerangan yang dilakukan pasukan Arya Penangsang
17. Para prajurit memboyong Sultan Hadirin pulang ke Kalinyamatan
18. Di tengah jalan, jasad Sultan Hadirin mengeluarkan bau harum sehingga daerah yang dilewati tersebut diberi nama Purwogondo

19. Para prajurit sempoyongan membawa jasad Sultan Hadirin sehingga daerah tersebut dinamakan Mayong
20. Sultan Hadirin dimakamkan di daerah Mantingan.

4.1.3.2 Menyusun Cerita Rakyat ke dalam Bentuk Wacana Bahasa Jawa

Cerita rakyat yang sudah dianalisis satuan naratifnya, kemudian disusun ke dalam bentuk wacana cerita rakyat di Kabupaten Jepara. Wacana yang dihasilkan merupakan pengembangan dari cerita rakyat yang dituturkan oleh para narasumber dengan dilengkapi dialog antar tokoh dalam suatu cerita rakyat. Wacana tersebut menggunakan bahasa Jawa. Hasil dari tahapan ini yang berupa wacana cerita rakyat di Kabupaten Jepara akan disajikan ke dalam buku kumpulan cerita rakyat di Kabupaten Jepara. Cerita rakyat yang berhasil dikumpulkan yaitu sebanyak sembilan belas cerita rakyat yang ada di Kabupaten Jepara.

4.1.3.3 Menyusun dan Menyajikan Cerita Rakyat ke dalam Buku Kumpulan Cerita Rakyat di Kabupaten Jepara

Langkah terakhir dalam proses pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara adalah menyusun cerita rakyat ke dalam buku kumpulan cerita rakyat di Kabupaten Jepara. Setiap cerita rakyat di dalam buku kumpulan cerita rakyat di Kabupaten Jepara akan disertai gambar ilustrasi yang mencerminkan isi dari cerita tersebut. Selain itu dalam setiap cerita rakyat juga dituliskan amanat ceritanya, agar pembaca bisa menganbil pelajaran dari tiap cerita rakyat yang ada

di Kabupaten Jepara. Cerita rakyat disusun berdasarkan jenisnya dengan tujuan untuk mempermudah dalam penggolongannya.

Seluruh tahapan di atas merupakan tahapan dalam proses pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara. Sedangkan untuk hasil pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara akan dijelaskan pada subbab selanjutnya.

4.2 Hasil Pelestarian Cerita Rakyat di Kabupaten Jepara

Hasil pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara ditulis dalam bentuk wacana cerita rakyat di Kabupaten Jepara. Wacana tersebut ditulis dalam bahasa Jawa. Terdapat sembilan belas cerita rakyat di Kabupaten Jepara yang berhasil dikumpulkan. Cerita rakyat tersebut antara lain *Perang Obor, Syekh Jondang, Dumadine Teluk Awur, Ratu Kalinyamat, Klentheng Welahan, Dumadine Desa Welahan, Mitos Grojogan Songgolangit, Raden Syakul Langgi lan Macan Putih, Mbah Mbono Keling, Siluman Bajul Putih, Sutojiwa, Ki Ageng Bangsri, Sendhang Pangilon, R.A Mas Semangkin, Sendhang Bidadari, Warok Singablendhang, Gong Senen, Dumadine Desa Bugel, dan Sultan Hadiriin.* Adapun hasil dari pelestraian cerita rakyat di Kabupaten Jepara adalah sebagai berikut.

1. Mbah Mbono Keling

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Raden Joyodroto kuwi putrane Resi Walmiki. Raden Joyodroto minangka pihak saka Kurawa,

		lan Raden Abimanyu minangka pihak saka Pandhawa.
2	Menggiring pada Keasyikan	Raden Joyodroto ketemu karo Raden Abimanyu ana ing daerah Keling. Raden Joyodroto lan Raden Abimanyu perang wiwit esuk nganti wayah sore. Pungkasane Joyodroto bisa mateni Raden Abimanyu. Raden Arjuna ngerti yen anake wis dipateni marang Joyodroto. "Joyodroto, enteni piwalesku. Aku ora rila anaku kok pateni. Yen nganti sesok wengi aku ora bisa ngalahke lan mateni Joyodroto, mangka aku bakal nglakoni pati obong. Eling-elinga sumpahku kuwi." Kaya mangkono sumpahe Arjuna. Raden Arjuna banjur ngnggoleki panggone Joyodroto.
3	Pertengahan Cerita	Sengkuni krungu marang sumpah sing wis diomongke dening Raden Arjuna. Joyodroto banjur njaluk pitulungan marang Sengkuni. Dheweke ngerti yen Arjuna kuwi sekti mandraguna. "Joyodroto, kowe lungaa ana mbeteng. Ndheliken neng kana nganti wayah wengi, supaya Arjuna ora bisa nemokake awakmu." Kandhane

		Sengkuni marang Joyodroto. Joyodroto banjur ndelik ana mbeteng. Sengkuni meling supaya Joyodroto ora metu saka mbeteng nganti wayah wengi. Raden Arjuna bingung anggone ngnggoleki Joyodroto. Dheweke wis mlaku ngubengi dhaerah Keling anangin durung bisa nemokake. Arjuna kelingan marang sumpahe dhewe. Dheweke bakal pati obong yen ora bisa nemokake Joyodroto. "Dhuh Gusti, yen nganti aku ora bisa mateni Joyodroto, aku bakal nglakoni pati obong. Tulungana Gusti." Mangkono dongane Arjuna marang Maha Kuwasa. Raden Arjuna nangis ing tengah alas amarga ora bisa nemokake Joyodroto. Kresna krungu tangise Arjuna mau. Kresna sing nduweni senjata cakra banjur nutupi srengenge. Dhaeah Keling banjur dadi peteng dhedhet kaya wengi.
4	Klimaks	Joyodroto mikir yen Arjuna bakal pati obong. "Hahaha mati kowe Arjuna. Awakmu kepangan sumpahmu dhewe. Hahahahaha." Omonge Joyodroto sinambi guyu lakak-lakak. Joyodroto banjur metu saka mbeteng.

		Arjuna krungu swara guyune Joyodroto. Dheweke banjur marani asale swara kuwi. "Kae katon Joyodroto ana jaba mbeteng. Mati kowe Joyodroto. Bakal dakpanah sirahmu." Kandhane Arjuna kanthi manah Joyodroto. Anggone manah Arjuna pancen titis. Panahe Arjuna pas kena gulune Jayadrata. Sanalika awake Jayadroto pisah karo sirahe. Sirahe mabur nganti tekan dhaerah Kelet, lan awake mabur ana ing dhaeah Keling Mbono.
5	Mengungkap Makna Cerita	Joyodroto banjur dikubur ana ing dhaerah Keling Mbono, mula diarani Mbah Mbono. Kanggo ngurmati Mbah Mbono, neng Desa Keling Mbono saben sasi Apit dianakake sedhekah bumi lan para warga desa padha nanggap tayuban.

2. Sendhang Bidadari

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Jaka Tarub mlaku-mlaku neng gumuk wayah esuk. Jaka Tarub weruh manuk sing apik wernane. Jaka Tarub banjur gudhak manuk kuwi nganti tekan sapinggire sendhang. Jaka Tarub weruh wong wadhon ayu-ayu padha adus neng sendhang. Wong wadon ayu-ayu mau ora liya yaiku widadari. Jaka Tarub ngincup widadari kuwi neng pinggir sendhang. "Wah ayu banget wong wong sing adus neng sendhang iki." Omonge Jaka Tarub.
2	Menggiring pada Keasyikan	Jaka Tarub banjur jupuk salah siji lendhange para wadon mau sing diselehke ing pinggir kali. Jaka Tarub nggawa mulih lendhang kuwi. Para widadari bubar mandi lan nganggo lendhange dhewe-dhewe. Para widadari kuwi arep bali maneh menyang kayangan, nanging salah siji widadari sedhih atine amarga lendhange ilang. Widadari kuwi jenenge Nawang Wulan. " Ana ngendi ya lendhangku iki? Sapa sing dhelikake?" Pitakone Nawang Wulan marang kanca-kancane. "Ayo kene padha mbiyantu Nawang Wulan ngnggoleki lendhange. Mumpung isih

		esuk.” Akone salah siji widadari marang widadari liyane. Suwe anggone ngnggoleki lendhange Nawang Wulan, ananging tetep ora ketemu. Nawang Wulan lan kanca-kancane bingung. “Nawang Wulan, kene kudu bali dhisik menyang kayangan. Iki wis wayahe balik.” Kandhane salah sijine widadari. Kanca-kancane Nawang Wulan ninggalake Nawang Wulan dhewekan ana ing sendhang.
3	Pertengahan Cerita	“Dhuh kepriye iki nasibku. Aku wis ditinggal bali kanca-kancaku.” Omonge Nawang Wulan karo mingseg-mingseg merga wis ditinggal kanca-kancane. Jaka Tarub nusul Nawang Wulan neng sendhang. Dheweke banjur mboyong Nawang Wulan dinggawa bali menyang omahe. Kalorone banjur bebojonan. Jaka Tarub lan Nawang Wulan nduwe anak sing dijenengake Nawang Sih. Nawang Wulan meling marang Jaka Tarub supaya ora ngrewuhi dheweke menawa lagi ngliwet. Jaka Tarub manut marang welinge bojone kuwi, ananging nalika Nawang Wulan lagi ngumbahi klambi, Jaka Tarub buka dandang sing kanggo ngliwet Nawang Wulan.

		“Lhah dhalah, jebul bojku masak gur sak upo kaya ngene iki.” Pitakone Jaka Tarub kanthi gumun. Nawang Wulan menyang pawon sawise ngumbah klambi. Dheweke banjur deloki liwete sing ditinggal mau. Nawang Wulan sedhih atine merga ngerti yen Jaka Tarub wis bukak dandang liwetane. Nawang Wulan banjur ora bisa ngliwet nganggo sak upo beras. Dheweke kudu ngliwet kaya wong-wong umume. Saya suwe beras neng omahe Jaka Tarub sansaya entek. Nawang Wulan mrentah Jaka Tarub supaya nutu beras. “Kang, wose sampun meh telas. Jenengan langkung sae nutu beras rumiyin.” Prentahe Nawang Wulan marang Jaka Tarub. Jaka Tarub banjur nglakokake prentahe bojone, nutu beras neng lesung. Sanajan saben dina nutu beras, tetep wae berase Jaka tarub sansaya entek. Nalika jupuk beras neng grobog, Nawang Wulan weruh lendhange sing ilang kae. Dheweke nesu lan kuciwa marang Jaka Tarub.
4	Klimaks	“Ndhuk, Nawang Sih. Ayo melu ibu lunga saka kene.” Omonge Nawang Wulan marang anake, Nawang Sih. Nawang Wulan lan Nawang Sih banjur

		lunga menyang kayangan, ninggalake Jaka Tarub. Nalika tekan omah Jaka Tarub bingung amarga ora nemoni anak bojone. Dheweke banjur kaya-kaya krungu swarane bojone. "Kang, aku wis kuciwa marang awakmu. Jebul kowe sing jupuk lendhangku nalika aku lagi adus neng kali mbiyen. Kang, aku lan Nawang Sih iki lunga neng kayangan. Yen pancen Kakang pengin nemoni aku lan Nawang Sih, gaweya anjang-anjang nalika wulan purnama, banjur bakaren sekam lan ketan ireng neng sangisore anjang-anjang kuwi."
5	Mengungkap Makna Cerita	Jaka Tarub gela marang tumindake dhewe. Jaka Tarub mung bisa nyalahke awake dhewe. Sendhang sing mbiyene dadi panggon aduse para widadari kuwi saiki diarani Sendhang Bidadari.

3. Mula Bukane Anane Perang Obor

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Ing Desa Tegalsambi Kecamatan Tahunan ana wong tani sing sugih mblegedhu jenenge Ki Babadan. Dheweke nnnduweni sawah sing amba banget. Ki Babadan kepengin ngingoni ternak. Dheweke banjur tuku sapi lan kebo sing cacahe akeh banget
2	Menggiring pada Keasyikan	Ki Babadan rumangsa ora kober ngingoni kewane. Dheweke banjur njaluk tulung marang Ki Gemblung. "Ki Gemblung, aku arep njaluk tulung marang awakmu. Apa gelem kowe melu ngrumati kewan-kewanku kuwi? Mengko yen kewane manak, kowe dakwenehi separone." Kandhane Ki Babadan. "Inggih Ki Babadan, kula saguh." Wangsulane Ki Gemblung. Ki Gemblung banjur melu ngrumati kewan-kewane Ki Babadan. Dheweke angon neng pinggir kali pendhak wayah sore. Dheweke ngrumati kewan-kewan kuwi kanthi sregep. Ki Gemblung weruh iwak lan urang neng njero kali. Iwak lan urang mau katon

		cetha amarga banyu kali sing bening. Ki Gemblung sansaya seneng ndelengi iwak lan urang mau, nganti lali marang ingon-ingonane. "Iwak iki apa enak yo yen dimasak? Coba dakpancinge wae iwake." Mangkono batine Ki Gemblung. Ki Gemblung mancing iwak kuwi. Dheweke banjur bali menyang omah lan ngakon bojone goreng iwak kuwi. "Mbok, iki aku oleh iwak saka kali. Gorengen ya!" prentahe Ki Gemblung marang bojone. "Inggih, Pak. Kok kadingaren pikantuk iwak saking angon ?" pitakone bojone Ki Gemblung. "Iya, aku mau angon sinambi mancing neng kali." Wangsulane Ki Gemblung. Ki Gemblung banjur mangan iwak kuwi. Dheweke seneng banget amarga iwak pancingane mau enak banget rasane. Ki Gemblung nnduwe pangangkah arep mancing iwak meneh saben dinane.
3	Pertengahan Cerita	Ki Gemblung banjur mangan iwak kuwi. Dheweke seneng banget amarga iwak pancingane mau enak banget rasane. Ki Gemblung nnduwe pangangkah arep mancing iwak meneh saben dinane.

		Ki Gemblung saya suwe sansaya ora gemati karo kewan ingonane. Sapi lan kebo titipane Ki Babadan padha lara lan akeh sing mati. Ki Babadan banjur nesu marang Ki Gemblung.
4	Klimaks	"Heh Ki Gemblung! Kena apa kewan-kewanku akeh sing lara lan padha mati? Kok ingoni tenanan apa ora?" omonge Ki Babadan kanthi ngamuk marang Ki Gemblung. "Inggih, Ndara. Sampun kula rumati kanthi sae." Kandhane Ki Gemblung. " Ora bakal kewan-kewanku padha mati yen kokrumati temenanan. Batur ora pecus!", kandhane Ki Babadan. "Aku ora trima kokdarani ora pecus Ki. Aku iki saben dina wis ngrumati kewan-kewanmu. Pancen wis jatahe mati ya mati. Kuwi ora salahku!" omonge Ki Gemblung. Ki Babadan sansaya ngamuk krungu omongane Ki Gemblung mau. Dheweke banjur ngobong blarak lan diuncalake marang Ki Gemblung. Kalorone ora ana sing ngalah. Malah sansaya ndadra anggone padha uncal-uncalan obor.
5	Mengungkap Makna Cerita	Kandhange Ki Gemblung sing akeh kewane kena obor. Kandhang mau kobong nganti mbulat-mbulat, nanging kewan-kewan sing asale lara malih dadi sehat. Ki Gemblung

		lan Ki Babadan padha kaget meruhi kahanan kuwi. Ki Babadan lan Ki Gemblung banjur mandheg anggone padha uncal-uncalan obor. Kalorone banjur ngrumati kewan-kewane kanthi gemati lan rukun maneh. Mula saka kuwi saiki saben sasi Apit dianakake tradhisi Perang Obor neng Desa Tegalsambi. Tradhisi kuwi minangka wujud syukur lan nyenyuwun keslametane para warga desa marang Gusti Ingkang Maha Kuwasa.

4. Syekh Jondang

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Syekh Jondang kuwi priyantun saka Persia. Dheweke merguru marang Sunan Kudus nalika isih enom. Syekh Jondang nyinaoni ilmu agama lan ilmu kanuragan. Sunan Muria mrentah Syekh Jondang supaya dakwah ing dhaerah Jepara amarga wis dianggep dewasa lan cukup ilmune.
2	Menggiring pada Keasyikan	Syekh Jondang banjur mangkat neng Jepara dikancani karo Kyai Kusumo, Nyi Sari lan murid-muride Sunan Muria. Rombongane Syekh Jondang ngliwati desa sing durung

		ngerti babagan agama Islam. "Kyai Kusumo, Nyi Sari, luwih becik panjenengan mapan wonten ngriki kemawon. Dhaerah ngriki dereng mangertos babagan agama Islam." Prentahe Syekh Jondang marang Kyai Kusumo lan Nyi Sari. "Inggih, Syekh. " Wangsulane Kyai Kusumo lan Nyi Sari marang Syekh Jondang. Kyai Kusumo lan Nyi Sari banjur mapan ana ing desa kuwi lan mulangake agama Islam neng kana. Desa kuwi banjur diarani Desa Sumosari.
3	Pertengahan Cerita	Syekh Jondang banjur nerusake mlakune menyang Desa Jondang. Syekh Jondang tapa ing gumuk cilik lan pikantuk wangsit saka Gusti Ingkang Maha Kuwasa supaya mbangun padhepokan ing Desa Jondang
4	Klimaks	Syekh Jondang banjur mbabat desa lan mbangun padhepokan ing kana. Syekh Jondang nduweni murid akeh sing padha sregep sinau lan setya marang dheweke.
5	Mengungkap Makna Cerita	Syekh Jondang mapan neng Desa Jondang nganti tuwa lan tibane ajal. Syekh

		Jondang mati neng Desa Jondang lan dimakamke neng kono. Syekh Jondang dadi sesepuh Desa Jondang sing dikurmati dening para wargane amarga wis ngajari warga Jondang babagan agama Islam.

5. Dumadine Teluk Awur

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Syekh Abdul Aziz yaiku ulama saka Arab sing nyebarake agama Islam ing Jepara. Dheweke nnduwe bojo sing jenenge Roro Kuning. Syekh Abdul Azis lan Roro Kuning urip bebarengan ing desa. Syekh Abdul Azis nyambut gawe ana ing kebon saben wayah awan, lan mulangake agama marang warga desa saben wayah sore. Roro Kuning kuwi wong wadon sing ayu kaya widadari. Dheweke nnnduweni kulit sing putih resik. Syekh Abdul Aziz tresna banget karo bojone.
2	Menggiring pada Keasyikan	Syekh Abdul Azis tansah kelingan marang bojone saben nyambut gawe ana kebon. Dheweke kepengin cepet-cepet enggal bali omah. Saya suwe gaweyane neng kebon ora kopen.

		“Pak’e, kok baline saya gasik? Apa gaweyan neng kebon wis lebar kabeh?” pitakone Roro Kuning. “Durung, nanging aku kepengin cepet mulih merga wis kangen karo sliramu.” Kandhane Syekh Abdul Azis. Roro Kuning nggolek cara supaya bojone tetep bisa ngrampungake gaweyane neng kebon. Dheweke nemu cara yaiku ngakon Syekh Abdul Azis supaya nggambar rupane. Syekh Abdul Jalil dikon nggawa gambar kuwi nalika lagi nyambut gawe.
3	Pertengahan Cerita	Syekh Abdul Azis lunga menyang kebon lan ora lali nggawa gambar Roro Kuning, nanging gambar mau kabur katrajang angin. Syekh Abdul Azis ora ngerti yen gambare Roro Kuning mau wis kabur. Dheweke lagi ngerti yen gambare bojone wis ora ana nalika arep mulih. “Dhuh, Gusti. Ana ngendi gambare bojoku, Roro Kuning.” Mangkono omonge Syekh Abdul Azis sinambi ngngnggoleki gambar bojone. Jaka Wangsa nemu gambare Roro Kuning ing ngarep kraton. Jaka Wangsa banjur seneng marang Roro Kuning lan ngutus para prajurit kraton supaya ngngnggoleki omahe Roro Kuning.

		Para prajurit ngubengi desa lan bisa nemokake Roro Kuning. Roro Kuning banjur diboyong menyang kratone Jaka Wangsa. Roro Kuning susah atine lan kuwatir yen bojone ngnggoleki dheweke. Syekh Abdul Azis bingung amarga Roro Kuning ora ana ing omah. Syekh Abdul Azis ngngnggoleki mrana mrene nanging bojone tetep ora ketemu. Syekh Abdul Azis takon marang tangga teparo, nanging ora ana sing ngerti ana ngendi lungane Roro Kuning. Syekh Abdul Azis dikandhani dening salah sijining tanggane yen Roro Kuning dinggawa lunga menyang kratone Jaka Wangsa. Syekh Abdul Azis banjur lunga menyang kraton. Syekh Abdul Azis anggone lunga menyang kraton nyamar dadi wong sing nabuh kentrung turut omah. Tekan ngarep kraton Syekh Abdul Azis mbanterake suwarane. Suwarane Syekh Abdul Azis keprungu marang Roro Kuning. “Prajurit, coba bukaken lawange lan wong sing main kentrung kuwi nggawanen mblebu. Aku kepengin ketemu karo dheweke.” Kaya mangkono prentahe Roro Kuning marang prajurit.
4	Klimaks	Para prajurit mau nggawa Syekh Abdul Azis mlebu kraton. Pungkasane Syekh Abdul

		Azis lan Roro Kuning bisa ketemu. Kalorone banjur mikirke cara supaya bisa ngnggawa mulih Roro Kuning saka kraton. Ora suwe anggone rembugan, wong loro kuwi wis nemokake cara kanggo ngapusi Jaka Wangsa. Roro Kuning banjur nemoni Jaka Wangsa. Dheweke ngomong bakal gelem dadi bojone yen dinggolekake kerang saka segara. Jaka Wangsa kudu nyamar kaya nelayan, tur nganggo kepis lan caping. Ora mikir suwe, Jaka Wangsa nyanggupi pannjaluke Roro Kuning. Jaka Wangsa nyamar dadi nelayan lan lunga neng segara karep nggolek kerang kanggo Roro Kuning. Syekh Abdul Azis nyamar dadi Jaka Wangsa ing kraton. Dheweke mrentah para prajurit supaya mateni nelayan sing lagi ngnggolek kerang neng segara. Para prajurit banjur lunga menyang segara ngngnggoleki nelayan kuwi, sing ora liya yaiku Jaka Wangsa. Para prajurit ketemu Jaka Wangsa ing segara. Jaka Wangsa banjur diserang dening para prajurit. “Eh.. eh prajurit sableng. Aku iki rajamu. Kena apa aku kokserang?” omonge Jaka Wangsa. “Ora, kowe dudu rajaku. Rajaku Jaka Wangsa ana ing kraton. Kowe kuwi wong ala

		sing mesti dipateni.” Omonge salah siji prajurit.
5	Mengungkap Makna Cerita	Paprangan banjur diterusake. Jaka Wangsa diserang dening prajurite dhewe. Ing tengahe perang kuwi, Jaka Wangsa njerit. “Ngawur..ngawur. Prajurit ngawur”. Para prajurit ora ana sing percaya karo omongane. Para prajurit tetep ngroyok Jaka Wangsa nganti mati. Pungkasane dhaerah saubenge segara kuwi diarani Desa Teluk Awur, amarga prajurit wis tumindak ngawur mateni rajane dhewe.

6. Ratu Kalinyamat

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Ratu Kalinyamat nduweni jeneng liya Retna Kencana. Ratu Kalinyamat iku minangka putra saking Sultan Demak, Sultan Trenggono. Ratu Kalinyamat wiwit isih enom wis nguwasani ilmu kanuragan, mula nalika semana dheweke wis dipercaya dadi Adipati Jepara. Ratu Kalinyamat ndadekake Jepara dadi dhaerah sing maju, merga Ratu Kalinyamat nduweni sipat pinter lan wani, kejaba parase sing ayu.

2	Menggiring pada Keasyikan	Ratu Kalinyamat nggarwa karo Pangeran Hadirin, putrane Sultan Aceh. Lagi senenge urip bebrayan karo garwane, Ratu Kalinyamat pikantuk kabar yen kakange, yaiku Sunan Prawoto dipateni Arya Penangsang merga rebutan kekuwasaan. Ratu Kalinyamat susah banget atine. Ratu Kalinyamat banjur nemoni Sunan Kudus kareb nnjaluk kaadhilan marang Sunan Kudus. "Kanjeng Sultan Hadirin, mangga kula lan panjenengan sami sowan wonten dalemipun Sunan Kudus. Kula mboten trima Kakang Prawoto dipunpejahi dening Arya Penangsang. Mangga Sultan, tindak samenika." Omonge Ratu Kalinyamat marang bojone, Sultan Hadirin. "Iya Diajeng. Ayo njaluk kaadhilan marang Sunan Kudus, supaya Arya Penangsang entuk piwalesan." Wangsulane Sultan Hadirin. Ratu Kalinyamat lunga menyang Kudus karo Sultan Hadirin lan para prajurit kraton. "Kanjeng Sunan Kudus, sembah bekti kula marang panjenengan. Anggenipun kula sowan mriki kaliyan garwa kula, supados angsal wangsulanipun panjenengan babagan pejahipun Kakang Prawoto ingkang dipunpejahi dening murid panjenegan, Arya

		Penangsang.” Omonge Ratu Kalinyamat. “Aku wis ngerti Ndhuk, ananging kowe ora bisa nyalahke Arya Penangsang. Dheweke mateni Prawoto uga ana sebabe. Kuwi minangka piwalese amarga ramane, Pangeran Sekar Seda Lepen dipateni dening Prawoto. Aku ora bisa mbiyantu apa-apa.” Wangsulane Sunan Kudus. Ratu Kalinyamat lan Sultan Hadirin lara ati krungu wangsulane Sunan Kudus. Ratu Kalinyamat lan Sultan Hadirin banjur bali menyang Jepara.
3	Pertengahan Cerita	Arya Penangsang ngerti yen Ratu Kalinyamat lan Sultan Hadirin bubar wadhul marang Sunan Kudus babagan matine Sunan Prawoto. Rombongane Ratu Kalinyamat dicegat karo pasukane Arya Penangsang ing tengah dalan. Pasukane Ratu Kalinyamat lan Arya Penangsang perang. Pangeran Hadirin seda ing perang kuwi. Ratu Kalinyamat banjur dinggawa mlayu rombongane tumuju Jepara amarga kuwatir yen bakal dipateni dening Arya Penangsang. Ratu Kalinyamat susah banget atine sawise kakang lan bojone mati. Ratu Kalinyamat banjur mutuske bakal tapa wuda sinjang rambut. Tapa wuda neng kene maksute yakuwi tapa sing ninggalake bandha donya.

4	Klimaks	Ratu Kalinyamat pikantuk wisik goib supaya tapa ana ing daherah Siti Wangi, utawa panggonan sing ambune wangi. Ratu Kalinyamat anggone nemokake dhaerah Siti Wangi rada kangelan. Ratu Kalinyamat ngubengi Jepara dikancani para prajurit lan ponakane loro sing wis dianggep anak angkate, yaiku Raden Ayu Roro Semangkin dan Raden Ayu Roro Prihatin. Ratu Kalinyamat uga dikancani dening para pungnggawa kraton yaiku Ki Suto Mangunjaya lan Ki Leseh. Para prajurit sing wis mlaku dhisiki Ratu Kalinyamat ketemu karo Ki Pengging. Ki Pengging ndudohi panggonan sing ambune wangi. Prajurit mau banjur lapuran marang Ratu Kalinyamat yen wis nemokake dhaerah Siti Wangi. “Kanjeng Ratu Kalinyamat, kula sampun manggihi dhaerah Siti Wangi. Ki Pengging ingkang maringi pirsa wonten pundi dhaerah Siti Wangi menika.” Omonge salah saiji prajurit. “Ya wis. Ayo padha lunga menyang dhaerah Siti Wangi.” Wangsulane Ratu Kalinyamat. Ratu Kalinayamat banjur tapa ing kana, lan para rombongan balik menyang kraton. Ratu Kalinyamat nitipake emas-emasane lan slendhang sutra kraton marang Ki Leseh

		supaya disimpen ing panggonan sing primpen. Ki Leseh anggone nggawa ora ngati-ati, saengga slendhang sutrane Ratu Kalinyamat kececer ing dhaerah Siti Wangi, mula saiki dhaerah kasebut diarani Desa Sonder. Ratu Kalinyamat ngujar sumpah ing sajroning tapane yakuwi, “Ora pisan-pisan ingsun jengkar saka tapa ingsun yen ingsun durung bisa keset nganggo jembule Arya Penangsang”. Sultan Hadiwijaya krungu sumpahe Ratu Kalinyamat mau. Sultan Hadiwijaya mbujuk Ratu Kalinyamat supaya mandeg anggone tapa, lan nerusake mandhegani Jepara. “Ratu lerenana anggonmu tapa. Warga Jepara padha mbutuhake awakmu supaya mandhegani Jepara.” Omonge Hadiwijaya. “Ora, aku ora bakal bali kraton yen Arya Penangsang durung mati!” semaure Ratu Kalinyamat. “Iya Ratu. Urusan mateni Arya Penangsang ben dadi urusanku. Aku bakal nggawa getihe Arya Penangsang marang awakmu neng kene.” Wangsulane Hadiwijaya nyanggupi pannjaluke Ratu Kalinyamat. Sultan Hadiwijaya banjur nganakake sayembara kanggo mateni Arya Penangsang. Sapa wae sing bisa mateni Arya Penangsang

		bakal diwenehi bumi Pati. Pungkasane Danang Sutawijaya nyanggupi sayembara mau. Danang Sutawijaya ngatur cara supaya bisa mateni Arya Penangsang. Danang Sutawijaya nitipake surat marang tukang ngarite Arya Penangsang. Tukang ngarit mau dikethok kupinge, banjur dikon menehake surat tantangan saka Danang Sutawijaya marang Arya Penangsang. Tukang ngarit mau banjur wadhul marang Arya Penangsang babagan apa sing wis dialami mau nalika lagi ngarit. Arya Penangsang sanalika langsung ngamuk merga ngerti yen dheweke lagi ditantang Danang Sutawijaya. Arya Penangsang ora trima tukang ngarite dikethok kupinge. Arya Penangsang banjur nusul Danang Sutawijaya ing kali numpak jaran Gagak Rimang lan kerise sing dijenengi Brongot Setan Kober. Danang Sutawijaya wis ngenteni Arya Penangsang ing sabrang kali. Danang Sutawijaya numpak jaran wedok sing kulite putih resik. Jarane Arya Penangsang ora kuwat nahan birahine weruh jaran wedhok sing resik. Jarane Arya Penangsang banjur mobat mabit karep kawin karo jarane Danang Sutawijaya. Kahanan iku dadekake Arya Penangsang bingung lan lena. Nalika lena mau Danang Sutawijaya banjur nguncalake tombake sing diarani Kyai Pleret neng wetenge Arya

		Penangsang. Sanalika tombake Sutawijaya nujep ing wetenge Arya Penangsang. Arya Penangsang ususe mbrodhol lan getihe mancur-mancur. Arya Penangsang ora nyerah banjur nguber Danang Sutawijaya lan nyampirke ususe neng gagang kerise dhewe. Amarga Arya Penangsang grusa-grusu anggone kepengin males Danang Sutawijaya, ora jarak malah kerise nujep ususe dhewe. Arya Penangsang mati kalah perang nglawan Danang Sutawijaya. Danang Sutawijaya banjur ngadhep marang Sultan Hadiwijaya yen Arya Penangsang wis kasil dipateni. Sultan Hadiwijaya nyusul Ratu Kalinyamat ing papan panggonan tapane Ratu Kalinyamat. Sultan Hadiwijaya kasil ngakon Ratu Kalinyamat bali maneh menyang kraton. Wiwit saka kuwi Ratu Kalinyamat mandhegani Jepara meneh. Kalinyamat kerep ngirim pasukan kanggo nglawan penjajah Portugis nalika mandhegani Jepara.
5	Mengungkap Makna Cerita	Ratu Kalinyamat anggone mandhegani Jepara kanthi adhil lan jujur. Mula akeh para warga Jepara padha makmur nalika Jepara dipandhegani dening Ratu Kalinyamat. Pungkasane Ratu Kalinyamat seda lan dimakamke ing jejere makam bojone, Sultan

		Hadirin.

7. Klentheng Welahan

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Tan Siang Hoe numpak kapal saka Tiongkok arep neng Pulau Jawa. Dheweke arep nggoleki adhine, Tan Siang Lie neng Pulau Jawa. Tan Siang Hoe ketemu karo pendheta sing jenenge Hwee Shio neng jero kapal. Kalorone banjur kekancanan.
2	Menggiring pada Keasyikan	Pendheta Hwee Shio lara sajrone neng jero kapal. Tan Siang Hoe ngrumati Hwee Shio kanthi sabar lan gemati nganti Hwee Shio waras. Hwee Shio rumangsa potangan budi marang Tan Siang Hoe. Dheweke banjur menehi Tan Shiang Hoe pusaka-pusaka saka Tiongkok sing dibuntel kain abang. "Siang Hoe, awakmu dak wenehi pusaka iki supaya kokjaga, aja nganti ilang lan rusak. Buntelan iki minangka awujud sembah nuwunku marang awakmu. Kowe wis gelem ngrumati aku nalika lara. Ing jero buntelan iki isine gambar Klentheng sing ana ing Tiongkok, kitab, lan lukisane Hian Thian Shiang Tee saka

		Tiongkok.” Mangkono omonge Hwee Shio marang Tan Siang Hoe. Tan Siang Hoe nampani buntelan sing diwenehke pendheta Hwee Shio. Pendheta Hwee Shio banjur nerusake menyang Singapura lan Tan Siang Hoe lunga menyang Semarang.
3	Pertengahan Cerita	Ing Semarang Tan Siang Hoe ngnggoleki adhine saparan-paran. Dheweke takon marang sapa wae sing ditemoni. Pungkasane Tan Siang Hoe pikantuk warta yen adhike ana ing Welahan, mapan ing omahe Lien Tjoe Tian. Tan Siang Hoe banjur nyusul adhine kuwi neng Welahan. Sapasang kakang adhi kuwi banjur rerangkulan nalika ketemu. Anggone rerangkulan rada suwe amarga padha kangene. “Siang Hoe lan Siang Lie, awakmu wong loro luwih becik manggon ana kene kabeh.” Kandhane Lien Tjoe Tian. “Matur nuwun Tjoe Tian, ananging aku ora pengen gawe repote awakmu. Mbok menawa sesuk isuk aku arep menyang Semarang. Aku arep nyambut gawe ana kono.” Wangsulane Tan Siang Hoe. “ Yo wis yen kuwi kekarepanmu. Saiki kowe lereno dhisik ana kene, supaya ilang

		keselmu.” Kandhane Lien Tjoe Tian. Siang Hoe banjur mlebu ana kamar lan nginep ana ing omahe Lien Tjoe Tian. Esuke Siang Hoe pamitan marang Siang Lie lan Lien Tjoe Tian arep nyambut gawe ing Semarang. “Lien Tjoe Tian, kula nyuwun pamit kesah Semarang. Matur nuwun sampun kepareng nginep wonten dalemipun jenengan. Ananging kula badhe nitipake buntelan menika dhateng panjenengan.” Tan Siang Hoe menehake buntelan sing mbiyene diwenehi pendheta Hwee Shio. “Nyuwun tulung buntelan menika panjenengan jagi, sampuna ngantos ical menapa malih rusak.” Welingge Tan Siang Hoe. Tan Siang Hoe banjur lunga menyang Semarang. Lien Tjoe Tian lan Tan Siang Lie nyimpen buntelan saka Tan Siang Hoe mau ana ndhuwur loteng omahe.
4	Klimaks	Lien Tjoe Tian lan Tan Siang Lie kaget amarga krungu swara kemrosak ing dhuwur loteng omahe. Kalorone banjur munggah tumuju loteng omah. Lien Tjoe Tian lan Tan Siang Lie bingung amarga saka buntelan sing dititipke Tan Hoe ngetokake kura-kura lan naga. Wong loro mau banjur ngakon utusan

		supaya ngnggoleki Tan Siang Hoe ing Semarang.
5	Mengungkap Makna Cerita	Tan Siang Hoe banjur mulih neng omahe Lien Tjoe Tian. Dheweke njlentrehake saka ngendi buntelan kuwi. "Nuwun sewu Lien Tjoe Tian. Barang-barang menika sejatine pusaka saka pendheta Hwee Shio. Nalika semanten kula nate ngrumati piyambake ngantos kula dipunparingi pusaka menika." Mangkono omonge Tan Siang Hoe marang Lien Tjoe Tian. Lien Tjoe Tian lan Tan Siang Lie banjur mangerti yen sejatine piranti-piranti kuwi minangka pusaka saka Tiongkok. Wiwit saka kuwi omahe Lien Tjoe Tian banjur dibangun klentheng sing saiki diarani Klentheng Welahan.

8. Dumadine Desa Welahan

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Dumadine Desa Welahan ana gegayutane karo Sam Poo Kong**.** Sam Poo Kong kuwi pawongan muslim saka China. Sam Poo Kong krungu pawarta babagan Sunan

		Muria sing pinter babagan agama Islam. Sam Poo Kong banjur lunga menyang Jawa supaya bisa ketemu karo Sunan Muria.
2	Menggiring pada Keasyikan	Sam Poo Kong lunga saka China menyang Pulau Jawa numpak kapal. Dheweke banjur mertamu neng omahe Sunan Muria. "Assalamualaikum Sunan Muria. Sowanipun kula wonten dalemipun panjenengan menika badhe tumut sinau babagan agama Islam. Sunan Muria menika sampun misuwur minangka tokoh agama Islam ngantos dumugi China." Kandhane Sam Poo Kong. "Waalaikumsalam. Awakku uga wis asring krungu yen kowe kerep dolan ana ing Jawa." Omonge Sunan Muria.
3	Pertengahan Cerita	Sunan Muria lan Sam Poo Kong banjur padha rembugan babagan agama Islam. Kalorone rembugan kanthi tenanan. Sunan Muria lan Sam Poo Kong beda pamanggih ing sajroning rerembugan. Sunan Muria lan Sam Poo Kong padha-padha ora gelem ngalah. Sam Poo Kong banjur pamit lan arep mulih menyang China kanthi ati sing isih mangkel.
4	Klimaks	Sam Poo Kong lan rombongane banjur mulih menyang China numpak kapal. Ananging ing tengah dalan, kapal kuwi ngalami kacilakan. Kapal mau kena ombak

		gedhe lan natap padhas. Kapale Sam Poo Kong banjur ajur mumur. Kabeh sing numpak kapal kuwi padha mati klelep. Ananging pungkasane Sam Poo Kong kedampar ing dhaerah Gedung Batu Semarang. Dheweke kasil slamet saka kacilakan kuwi.
5	Mengungkap Makna Cerita	Sam Poo Kong getun banget wis gawe gela penggalihe gurune, saengga dheweke ngalami kacilakan. Kapal sing ajur mau banjur kentir banyune segara. Lan welah saka kapal kuwi ditemokake ana ing dhaerah Jepara, sing saiki diarani dhaerah Welahan.

9. Mitos Grojogan Songgolangit

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Grojogan Songgolangit mapan ing antarane Desa Cepogo lan Desa Tunahan. Ana pawongan lanang saka Desa Tunahan sing jenenge Suman. Dheweke nduwe bojo sing jenenge Manding saka Desa Cepogo. Suman lan Manding urung nduwe omah dhewe saengga kalorone mapan ana ing omahe wong tuwane Manding

2	Menggiring pada Keasyikan	Manding masak neng pawon nggaweke sarapan kanggo bojone. Manding ora ngati-ati nalika masak. Tangane nyenggol piring sing mapan neng pogo, saengga akeh piring sing pecah. Kedadean kuwi gawe swara pating klonthang ing pawon. Simboke Manding uga krungu swara pating klonthang mau. " Aja glondhangan Ndhuk, mengko mundhak bojomu tangi." Omonge simboke Manding saka kamar. Suman krungu omongane maratuwane saka kamar. Suman ngira yen maratuwane mau ngomong "Masak kok glondhangan. Apa kokkira kuwi barange bojomu". Suman lara ati sawise krungu omongan maratuwane mau.
3	Pertengahan Cerita	Suman ngrembug kedadeyan kuwi karo bojone ing wayah wengi. "Mbokne, ayo kene minggat wae. Aku wis ora betah yen urip neng kene terus. Simbokmu wis gawe larane atiku." Ujare Suman. " Omongan ingkang pundi, Kang? Simbok mboten ngendika menapa-napa." Wangsulane Manding.

		"Ealah, bojo kok mbantah wong lanang. Ndek esuk kuwi simbokmu wis ora ngajeni aku. Wis pokoke ayo kene minggat wae." Ngomong mangkono Suman karo nggeret tangane bojone.
4	Klimaks	Suman lan Manding minggat saka omah numpak gerobak sing ditarik sapi. Wong loro mau kesasar amarga dalane sepi lan kahanane peteng dhedhet. Suman lan Manding banjur kejegur ana kali sangisore grojogan Sanggalangit.
5	Mengungkap Makna Cerita	Wong tuwane Suman lan Manding ngnggoleki parane wong loro mau, nanging ora ketemu. Wiwit kedadeyan kuwi, ana mitos yen wong Desa Tahunan kawin karo wong Desa Cepogo bakal nemoni cilaka ing tembe.

10. Raden Syakul Langgi lan Macan Putih

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Raden Syakul Langgi nduweni jeneng asli Syakho Laini. Raden Syakul Langgi urip ing Desa Gapuran, Gresik, Jawa Timur. Raden Syakul Langgi minangka putra saking Raden Abdul Ghofur. Raden Abdul Ghofur

		menika putra saking Maulana Malik Ibrahim utawa Sunan Gresik, dadi Raden Sakul Langgi menika putune Sunan Gresik. Raden Syakul Langgi ora tau urip rekasa amarga wong tuwane sugih.
2	Menggiring pada Keasyikan	Syekh Subakir, buyute Raden Syakul Langgi ngutus Abdul Ghofur supaya nggawa Raden Syakul Langgi ing omahe sing mapan ing Parakan, Temanggung. Raden Syakul Langgi banjur digawa menyang Temanggung. "Langgi, uripa ana kene. Kowe bakal dakajari ilmu kanuragan lan ilmu-ilmu liyane. Kowe kudu dadi ksatriya sing sekti lan migunani marang liyan." Omonge Syekh Subakir marang putune. "Inggih, Mbah." Wangsulane Raden Syakul Langgi. Syekh Subakir ngajari ilmu agama, ilmu kanuragan lan ilmu-ilmu liyane marang Raden Syakul Langgi. Raden Syakul Langgi nudhuhake keprigelane nalika sinau karo Syekh Subakir.
3	Pertengahan Cerita	Raden Syakul Langgi ketemu karo Nyai Tanjung Biru saka Desa Mbiron, putrine Kyai Jaga Raga. Raden Syakul

		Langgi banjur rabi karo Nyai Tanjung Biru. Raden Syakul Langgi dipasrahi supaya mandhegani Laskar Wali Biru ing Temanggung sawise rabi. Raden Syakul Langgi lunga menyang Jepara mbiyantu pasukan Kalinyamat nyerang Malaka. Pasukane Kalinyamat kalah nglawan Malaka, saengga Raden Syakul Langgi matur neng Ratu Kalinyamat kepengin nyepi ana ing dhaerah Desa Banjaran, Kecamatan Bangsri. Raden Syakul Langgi mbabat alas lan ngedekake gubug cilik ing Desa Banjaran. Raden Syakul Langgi ngingoni kewan akeh banget ananging kewan sing paling disenengi yaiku macan. Raden Syakul Langgi nyebarke agama Islam ing para warga Desa Banjaran sinambi angon kewan. Raden Syakul Langgi nduweni murid sing cacahe akeh amarga pinter anggone mulangake agama Islam. Raden Syakul Langgi nduweni ajaran sing misuwur lan disinaoni marang santrine yiku Kitab Garing lan Kitab Teles. Kitab Garing yaiku ajaran ilmu syariat, lan Kitab Teles awujud ajaran ilmu hakikat. Raden Syakul Langgi banjur mbangun mesjid ing Desa Banjaran kanggo ngajarke agama Islam .

4	Klimaks	VOC teka ing dhaerah Desa Banjaran. Raden Syakul Langgi lan para santrine uga arep nglawan VOC. Raden Syakul Langgi wis dicekel lan dipenjara dening VOC sadurunge nyerang. Para santri lan kanca-kancane Raden Syakul Langgi ora bisa mbebaske dheweke saka penjarane VOC. Raden Syakul Langgi tansah dedonga marang Gusti Ingkang Maha Agung nalika ing jero kunjara. Macan putihe Mbah Langgi teka neng kunjarane VOC. Macan kuwi nyakar lan nyokot wong-wong sing jaga kunjara mau.
5	Mengungkap Makna Cerita	Raden Syakul Langgi banjur dibebaske saka kunjara amarga VOC wedi marang macan putihe Raden Syakul Langgi. Raden Syakul Langgi metu saka kunjara lan bali meneh menyang Desa Banjaran. Dheweke banjur neruske mulang agama Islam marang para warga. Raden Syakul Langgi pungkasane seda lan dimakamke ana makam Balekambang. Neng makam kuwi, nalika malem Jumat Wage kadang kala katon macan putih neng makame Raden Syakul Langgi. Para warga sakubenge makam kuwi percaya yen macan putih kuwi minangka macane macan ingonane Raden Syakul

		Langgi. Macan kuwi njaga makame Raden Syakul Langgi.

11. Sutojiwa

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Sutojiwa diutus kraton Mataram lunga menyang Jepara kanggo nggoleki sebabe Portugis njajah pulau Mandalika. Sutojiwa lunga menyang Jepara dikancani karo adhine. Ing tengahing dalan, wong loro mau kepengin mlaku dhewe-dhewe. Sutojiwa milih lewat lor, lan adhine lewat kidhul.
2	Menggiring pada Keasyikan	Sutojiwa leren sedhela nalika tekan Desa Bondho Kecamatan Mlonggo. Sutojiwa banjur keturon neng sangisore wit randu. Cicit cuiit.. cicit cuiit.. Keprungu swara manuk prenjak. Swara manuk kuwi nggugah turune Sutojiwa. Sutojiwa banjur tangi lan nggoleki asale swara manuk kuwi. Sutojiwa mbatin,“Ealaah, manuk kok apike kaya ngene.” Sutojiwa banjur nggudak manuk prenjak mau, ananging ora kecekel. Manuk kuwi ilang ing satengahing alas. Sutojiwa sedhih amarga ora kasil nyekel manuk prenjak mau.

3	Pertengahan Cerita	Sutojiwa lali marang gegayuhane lunga menyang Mandalika. Dheweke tansah mikirna manuk prenjak sing endah mau. Sutojiwa diparani wong lanang tuwo nalika wayah wengi. "Kuwe ngapa ana neng tengah alas kene cah bagus?" Pitakone wong lanang mau marang Sutojiwo. "Kula Sutojiwa, panjenengan sinten?" wangsulane Sutojiwa. "Aku Kyai Ireng. Aku sing nduwe wilayah kene. Arep ngapa kowe ana kene?" Pitakone Kyai Ireng. "Kula badhe . . .." Wangsulane Sutojiwa kanthi gugup. "Aku ngerti yen kowe neng kene ngenteni tekane manuk prenjak putih. Iya apa ora?" Kandhane Kyai Ireng. "Inggih Kyai, kok Kyai saged mangertos kekarepane kula." Wangsulane Sutojiwa. Sutojiwa lan Kyai Ireng guneman kanthi akrab. Kyai Ireng banjur ngejak Sutojiwa mampir ana ing omahe.
4	Klimaks	"Suto, yen awakmu pancen kepengin nnduweni manuk prenjak putih kuwi, aku bisa menehi pannjalukmu. Ananging kowe

		kudu gelem dakpek mantu. Anaku prawan tuwa lan elek rupane, apa kowe gelem?" Sutojiwa sarujuk karo pannjaluke Kyai Ireng. "Kula purun Kyai", wangsulane Sutojiwa. "Yen ngono, kowe mlebua ana kamar. Ing kana anakku wis ngenteni kowe. Mlebua Suto", omonge Kyai Ireng. Sutojiwa banjur mlebu tumuju kamar. Ing kana dheweke ora nemoke anake Kyai Ireng, ananging neng dhuwur meja ana manuk prenjak putih sing disenengi Sutojiwo. Sutojiwo banjur nyekel manuk mau nanging manuk kuwi malih dadi wong wadon ayu lan resik kulite. "Kuwi bojomu, Dewi Kukilowati." Omonge Kyai Ireng. Sutojiwa diutus Kyai Ireng nganggo jubah ireng kaya nduweke Kyai Ireng. Wujude Sutojiwa ora katon sawise nganggo jubah kuwi.
5	Mengungkap Makna Cerita	"Sutojiwa tak wenehi jubah kotang gandril ireng, amarga dheweke lali marang kuwajibane. Awakmu kudu lunga menyang Mandalika karo adhimu, nuruti prentahe kraton Mataram. Piwelingku, yen dadi

		kstaria kudu pinunjul lan mbiyantu marang sapadha-padha.” Sabdane Kyai Ireng. Sawise ngomong kaya ngono, Kyai Ireng lan Dewi Kukilowati banjur ilang muspra. Sutojiwa getun marang lakune dhewe. Dheweke wis lali marang kuwajibane. Dheweke banjur nusul adhine ing pulau Mandalika.

12. Ki Ageng Bangsri

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Ki Ageng Bangsri nduwe jeneng asli Syekh Abdul Yasin. Dheweke juragan gedhe sing asline saka Persia. Dheweke lunga menyang neng Jepara dikancani karo adhine sing jenenge Surogotho kanggo dodolan lan nyebarke agama Islam neng Jepara. Ki Ageng Bangsri lan Surogotho nnduweni watek sing beda banget sanajan sedulur. Ki Ageng Bangri wateke apik, ulet, tur seneng tetulung marang liyan. Dene Surogotho nnduweni watek ala lan ngamukan.
2	Menggiring pada Keasyikan	Ki Ageng Bangsri lan Surogotho krungu kabar babagan Sunan Muria sing pinter agama Islam. Kalorone banjur lunga

		menyang pondhoke Sunan Muria lan dadi muride Sunan Muria. Sunan Muria ngendhika marang Ki Ageng Bangsri lan Surogotho. “Yasin lan Gotho, dakkira kowe wong loro wis bisa dakkongkon nyebarke agama Islam ing dhaerah lor Jepara. Ing kana isih akeh wong-wong sing durung mangerti babagan agama Islam.” Omonge Sunan Muria marang Ki Ageng Bangsri lan Surogotho. “ Inggih Kanjeng Sunan Muria. Kula kaliyan Gotho siyaga menawi dipunutus panjenengan dakwah wonten dhaerah lor Jepara.” Wangsulane Ki Ageng Bangsri. “Inggih leres, Kanjeng.” Omonge Surogotho sarujuk karo omongane kakange, Ki Ageng Bangsri. “Ya wis. Yen ngono Yasin kowe dakkon dakwah ana ing dhaerah Bangsri, lan kowe Gotho, lungaa dakwah ing dhaerah Mandalika kana.”, Kongkone Sunan Muria. “Inggih Kanjeng.” Wangsulane Ki Ageng bangsri lan Surogotho bebarengan. Ki Ageng Bangsri banjur lunga menyang Bangsri lan Surogotho lunga menyang Mandalika. Kalorone padha

		dakwah ing dhaerahe dhewe-dhewe.
3	Pertengahan Cerita	Ki Ageng Bangsri mbangun pondok pesantren kanggo para santri-santrine. Dheweke banjur nganakake slametan kanggo syukuran pondhok pesantrene sing anyar. Sunan Muria uga rawuh ing acara syukurane kuwi. Surogotho meri ngerti kakange wis mbangun pondhok pesantren ing Bangsri. Surogotho banjur mbangun pesantren ing Mandalika. Dheweke uga ngundhang Sunan Muria supaya rawuh ing acara syukurane kuwi, nanging Sunan Muria ora rawuh. Surogotho sansaya meri marang kakange lan nganggep Sunan Muria ora adhil marang dheweke. “Sunan Muria wis ora adhil marang awaku. Ki Ageng Bangsri uga sapenake dhewe mbangun pondhok pesantren. Embuh piye carane, aku bakal ngrusak pondhok pesantrene Ki Ageng Bangsri.” Mangkono omonge Surogotho. Surogotho banjur ngakon utusan mara ing omahe Ki Ageng Bangsri. “Kula nuwun Ki Ageng Bangsri. Kula badhe maringi pirsa bilih samenika jenengan lan para santri dipundhawuhi Sunan Muria sowan marang

		panjenenganipun.” Kandhane utusan mau. “Iya, maturnuwun. Aku tak enggal rana karo para santriku.” Wangsulane Ki Ageng Bangsri. Ki Ageng Bangsri lan para santrine lunga menyang omahe Sunan Muria. Surogotho banjur ngobrak abrik pondhok pesantrene Ki Ageng Bangsri. Ki Banjar sing lagi jaga pondhok nglawan Surogotho, nanging pungkasane Ki Banjar dipateni dening Surogotho. Dewi Wiji krungu swara geger ing pondhok. Dheweke banjur metu ndeleng kahanan ing pondhok. Dewi Wiji ketemu karo Surogotho ing pondhok. “Eh cah ayu. Sapa awakmu kok ana kene.” Pitakone Surogotho marang Dewi Wiji. “Kula Dewi Wiji, putranipun Ki Ageng Bangsri.” Wangsulane Dewi Wiji. “Lah dalah Wiji, aku iki Surogotho adhine bapakmu. Suwe ora ketemu saya gedhe kok kowe sansaya ayu lho, Ndhuk. Apa kowe gelem dadi bojoku?” Pitakone Surogotho. “Emoh-emoh. Aku emoh, Lik.” Omonge Dewi Wiji karo mblayu menjero

		omah. Surogotho lan pasukane banjur bali menyang Mandalika. Dewi Wiji crita babagan Surogotho sing ngobrak-abrik pondhok lan arep mbojo dheweke marang Ki Ageng Bangsri. Ki Ageng Bangsri banjur ngutus Dewi wiji supaya minggat saka omah.
4	Klimaks	Surogotho mara neng omahe Ki Ageng Bangsri. “Kang, aku mara mrene arep kandha yen aku kepengin mbojo karo Dewi Wiji.” Kandhane Surogotho. “Ora bisa Gotho. Wiji kuwi ponakanmu dhewe. Ora bisa awakmu bebojonan karo Dewi Wiji.” Wangsulane Ki Ageng Bangsri. “Saiki Dewi Wiji wis ora ana ngomah. Dheweke wis lunga saka kene.” Kandhane Ki Ageng Bangsri. Surogotho banjur mlayu nututi Dewi Wiji. Dewi Wiji sing rumangsa wis dititututi dening Surogotho banjur ndhelik ana ing omahe bakul kembang. Surogotho banjur mateni bakul kembang amarga wis ndhelikake Dewi Wiji. Dhaerah saubenge omahe bakul kembang mau diarani Desa

		Kembang. Dewi Wiji banjur mlayu mengetan lan ketemu karo Ki Jenggot. Dewi Wiji nnjaluk tulung marang Ki Jenggot. Ki Jenggot ngakon Dewi Wiji supaya numpak jarane Ki Jenggot. Surogotho uga mateni Ki Jenggot amarga ndhelikake Dewi Wiji. Dhaerah saubenge omahe Ki Jenggot mau diarani Desa Jenggotan. Dewi Wiji numpak jaran nganti tekan kali. Dewi Wiji bingung merga jarane ora bakal bisa nyebrangi kali kuwi. Dumadakan oyot-oyot ing kali kuwi nyambung nganti bisa dadi dalan mlakune jaran sing ditumpaki Dewi Wiji. Dhaerah sakiwa tengene kali kuwi mula diarani Desa Sambungoyot. Dewi Wiji pungkasane bisa ketemu karo Sunan Muria. “Kanjeng Sunan Muria, tulungana kula Kanjeng. Samenika kula badhe dipunbekta Surogotho. Kula ajeng dipundadosaken garwa kaliyan Surogotho.” Kandhane Dewi Wiji. “Wis tenanga, Ndhuk. Surogotho kuwi pancen wong ala, kamangka kowe kuwi ponakane dhewe, kok bisa-bisane arep dipek bojo.” Wangsulane Sunan Muria.

		“Inggih Kanjeng, kula ajrih sanget. Samenika kula taksih digudhak-gudhak Surogotho. Kula banjur sowan ngriki.” Critane Dewi Wiji. “Ya wis yen ngono, lakokna apa sing dakomongke iki. Iki ana racun, embuh piye carane Surogotho kudu bisa ngombe racun kuwi.” Kandhane Sunan Muria. Dewi Wiji banjur pamit mulih. Surogotho dumadakan mertamu ana ing omahe. Dewi Wiji mene. Banyu kasebut wis diwhi Surogotho banyu sing wis diwenehi racun saka Sunan Muria. Surogotho ngrasake awake sansaya panas sawise ngombe banyu kuwi. Surogotho banjur mlayu menyang panggonan sing ana banyune. Surogotho ngombe banyu ana sumur-sumur, nanging Surogotho tansah ngrasakake awake sansaya panas. Surogotho banjur mlayu tumuju segara arep ngombe banyu segara. Sunan Muria marani Surogotho ing segara. Sunan Muria nyebda Surogotho dadi yuyu. Awake Surogotho banjur malih dadi yuyu sing diarani yuyu gotho. “Sunan Muria, sanajan awaku wis dadi yuyu, aku bakal tetep ganggu para warga Bangsri yen Dewi Wiji ora bisa dadi bojoku!” Omonge Surogotho marang Sunan Muria.

		Para warga Bangsri akeh sing mati merga dicokot yuyu gotho. Sunan Muria banjur mrentah Ki Ageng Bangsri supaya ngurbanake Dewi Wiji. "Ki, cara supaya Surogotho bisa mandheg anggone ganggu para warga Bangsri yaiku ngurbanke Dewi Wiji." Omonge Sunan Muria marang Ki Ageng Bangsri. Ki Ageng Bangsri bingung arep kepriye. Dewi Wiji minangka anak sing paling ditresnani, nanging yen ora ngurbanke Dewi Wiji para warga Bangsri sing bakal dadi kurbane. Dewi Wiji ngerti apa sing dipikirke Ki Ageng Bangsri. "Rama, kula sediya menawi dipunkurbanaken kangge keslametane warga Bangsri. Kula ikhlas, Rama." Omonge Dewi Wiji. "Ananging, Ndhuk. . . ." Wangsulane Ki Ageng Bangsri kanthi sedhih merga bakal kelangan anake. "Mboten menapa, Rama. Sedaya menika kangge keslametane warga Bangsri. Insya Allah bakal dipunwales kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwasa." Dewi Wiji marang

		Ki Ageng Bangsri. Dewi Wiji dikancani Ki Ageng Bangsri lan Sunan Muria banjur tumuju segara. Dewi Wiji rela ngurbanke awake dhewe kanggo keslametane warga Bangsri. Dewi Wiji nyemplung ana ing jero segara.
5	Mengungkap Makna Cerita	Dewi Wiji banjur malih dadi ula lempe. Surogotho sing wujude yuyu uga ora ganggu warga Bangsri maneh. Wiwit saka kuwi ana mitos yen sapa wae dicokot yuyu gotho, tambane yaiku ula lempe. Lan sapa wae sing dicokot ula lempe tambane kuwi yuyu gotho.

13. Sendhang Pangilon

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Jaying Rana manggon ana ing Desa Bate Alit. Dheweke wid ditinggal mati bojone. Jaying Rana saben dinane mulang agama Islam marang parang para warga desa lan mulang ilmu kanuragan. Jaying Rana nduwe anak siji sing jenenge Den Ayu Sarinah. Sarinah kuwi wong wadon sing ayu rupane, sregep tumindake, lan pinter nari. Sarinah saben dinane mulang nari marang tangga-

		tanggane. Sarinah ditinggali kaca lan jungkat saka biyunge sadurunge tilar donya.
2	Menggiring pada Keasyikan	"Rama, kula pamit bandhe adus wonten sendhang rumiyin." Omonge Sarinah marang ramane, Jaying Rana. "Iya. Ndhuk. Nanging ati-ati ya ana kana." Semaure Jaying Rana. Sarinah banjur mlaku tumuju sendhang sing mapan ing tengah alas. Rambute Sarinah kena gegodhongan garing nalika ngliwati alas kuwi
3	Pertengahan Cerita	Sarinah banjur ngilo ana sendhang sing bening banyune. "Hihihi, rambutku kok akeh gegodhongane. Apik tenan, sansaya katon ayu rupaku." Mangkono omonge Sarinah marang awake dhewe. Sarinah banjur adus ing sendhang. Dheweke uga jungkatan lan ngaca nganggo kaca lan jungkat tinggalane biyunge, nanging nalika jungkatan, jungkat lan kacane Sarinah kecemplung ana sendhang. Sarinah sedhih atine amarga jungkat lan kaca kuwi tinggalane biyunge.
4	Klimaks	"Dhuh jungkat lan kacaku, ana ngendi iki? Dakngnggoleki mrana mrene

		kok ora ketemu-ketemu. Dhuh biyung, ngapurani anakmu iki.” Omonge Sarinah karo ngubengi sendhang. Sarinah ora bisa nemokake jungkat lan kacane. Sarinah banjur mulih kanthi sedhih. “Rama, kaca lan jungkat tinggalane biyung kejegur ana sendhang, Rama.” Mangkono omongane Sarinah marang ramane kanthi nangis. “Wis ora apa-apa. Mengko daknggolekane. Ewadene ora ketemu ya wis ora apa-apa.” Wangsulane Jaying rana kanthi ngelus-elus rambute anake. “Ananging menika tinggalan saking biyung, Rama. Jungkat lan kaca menika minangka barang sing paling daktresnani.” Semaure Sarinah.
5	Mengungkap Makna Cerita	Jaying Rana ora kasil ngnggoleki jungkat lan kacane Sarinah sing kecemplung ana sendhang. Sarinah awake sansaya kuru merga ora gelem mangan nganti lara-laranen. Jaying Rana ngundang para tabib supaya nambani Sarinah. Para tabib ora ana sing bisa nambani Sarinah. Pungkasane Sarinah mati merga nandhang kasedhihan. Sendhang sing

		digawe adus Sarinah kuwi banjur diarani Sendhang Pangilon.

14. R.A Mas Semangkin

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	R.A Mas Semangkin kuwi ponakane Ratu Kalinyamat. Nalika isis cilik kalorone wis ditilar donya wong tuwane. Ratu Kalinyamat sing wektu kuwi durung ndwe anak, banjur ngrumati R.A Mas Semangkin lan R.A Mas Prihatin.
2	Menggiring pada Keasyikan	"Kanjeng Ratu, kados pundi kula kaliyan Prihatin. Kula lan Prihatin sampun dipuntilar rama kaliyan ibu." Kandhane Semangkin marang Ratu Kalinyamat. "Wis menenga, Ndhuk. Awakmu lan Prihatin bakal tak dadeke anak. Ayo melua neng Kalinyamatan wae." Omonge Ratu Kalinyamat. Raden Ayu Mas Semangkin lan Raden Ayu Prihatin diboyong Ratu Kalinyamat lan Sultan Hadirin menyang Kraton ing Kalinyamatan. Semangkin lan Prihatin wis dianggep kaya anake dhewe marang Ratu

		Kalinyamat lan Sultan Hadirin. Ratu Kalinyamat dan Sultan Hadirin nglatih Semangkin lan Prihatin ilmu kanuragan. Semangkin lan Prihatin didadekake senopati ing Kraton Kalinyamatan amrga pinter anggone perang.
3	Pertengahan Cerita	Semangkin lan Prihatin digawa menyang Kerajan Pajang minangka hadiyah saka Ratu Kalinyamat kanggo Sutawijaya. Semangkin lan Prihatin neruske anggone sinau kanuragan ing kraton Pajang. Semangkin lan Prihatin sansaya pinter anggone nguwasani bela diri. Semangkin lan Prihatin kerep melu perang pasukan Pajang nglawan para musuh. Sutawijaya rembugan karo Semangkin lan Prihatin babagan alas Mentaok. “Semangkin, Prihatin, sesuk aku arep lunga menyang alas Mentaok. Aku arep mbabat alas lan mbangun desa ing kana. Aku arep nagih janjine Sultan Hadiwijaya sing bakal menehi aku alas Mentaok.” Omonge Sutawijaya. “Iya,Kang. ati-ati anggonmu mbabat alas. Aku lan Prihatin bakal nusul yen wis teka wancine.” Kandhane Semangkin.

		“Iya, Kang. Aja lali tansah dedonga marang Gusti.” Omonge Prihatin. Sutawijaya lunga saka Kraton Pajang wayah esuk tumuju alas Mentaok. Sutawijaya mbabat alas Mentaok lan mbangun Kerajan Mataram ing kana. Semangkin, Prihatin, lan prajurit Kraton Pajang lunga nusul Sutawijaya ing alas Mentaok lan melu urip ing kana. Kraton-kraton liya akeh sing ora seneng amarga Sutawijaya mbangun kraton ing alas Mentaok. Kraton Surabaya, lan Demak nyerang kerajan pimpinane Sutawijaya, nanging, serangan kuwi kasil dimenangake bala pasukane Sutawijaya.
4	Klimaks	Sawise serangan saka Surabaya lan Demak, Mataram pikantuk serangan maneh saka Pati. Semangkin minangka senopati kraton kepengin melu perang nglawan Pati. Semangkin ngomong marang Sutawijaya. “Kang, kula menapa pareng tumut perang nglawan Pati? Kula minangka senopati kraton kedah tumut perang, Kang.” Pannjaluke Semangkin marang Sutawijaya. “Ora! Awakmu ora usah melu perang Semangkin. Awakmu ana kene wae, ngurusi kraton.” Jawabe Sutawijaya.

		“Ananging kula kepengin tumut perang, Kang. Kula sampun siyap sedayanipun.” Kandhane Semangkin. “Yo wis yen iku pancen pannjalukmu, nanging kowe kudu ngati-ati, amarga sing bakal kene adhepi kuwi ora wong sembarangan. Kita bakal ngadhepi Bupati Pati sing wis kondhang sektine, yaiku Wasis Joyo Kusumo. Dheweke nduwe pusaka Kere Waja sing sekti mandraguna.” Kandhane Sutawijaya meling Semangkin. “Inggih Kang, kula bakal ngati-ati. Pangestunipun Kakang, matur nuwun”. Semangkin pungksane melu perang nglawan pasukan Pati. Semangkin lan pasukane kasil ngalahke pasukan saka Pati. Semangkin pikantuk kabar yen akeh prajurite Arya Penangsang sing gawe geger ing dhaerah Mayong. Semangkin banjur pamit marang Sutawijaya arep lunga menyang Mayong. Semangkin lan pasukane nglawan prajurite Arya Penangsang sing sawenang-wenang marang warga Mayong. Semangkin mutusake urip ana ing Mayong. Semangkin rumangsa nduwe kewajiban njaga katentremane dhesa Mayong, amarga ngrasa nduwe utang budi marang ratu Kalinyamat

		sing wis ngopeni dheweke.
5	Mengungkap Makna Cerita	Pungkasane Semangkin lan pasukane mbabat alas ing Mayong Lor. Semangkin banjur urip ing Mayong Lor. R.A Mas Semangkin misuwur amarga kekendelane nglawan mungsuh-mungsuhe. Dheweke banjur dikurmati dening para warga Desa Mayong Lor.

15. Warok Singablendhang

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Singablendhang yaiku warok andelane Mataram. Singablendhang diprentah dening Sultan Mataran supaya mimpin pasukan neng Jepara kanggo nglawan Walanda.
2	Menggiring pada Keasyikan	nglawan Walanda. Singablendhang mimpin pasukane tumuju neng dhaerah Donorojo. Singablendhang mbangun pos pasukan neng Donorojo lan mapan neng kana. Singablendhang saben dina nglatih pasukane perang, supaya menang nglawan Walanda. “ Ayo para prajurit, anggone kene latiyan padha sregep lan temenanan. Supaya kita bisa ngalahke Walanda!” Mangkono

		omongane Singablendhang marang para pasukane. Walanda nyerang pos Singablendhang. Pasukane Singablendhang banjur perang nglawan Walanda, nanging pasukane Singablendhang kalah ing paperangan kuwi. Singablendhang sedhih atine, banjur dheweke lan pasukane sing kari sithik lunga menyang dhaerah Pakis Aji. Singablendhang mbangun pos neng Pakis Aji lan bareng-bareng karo pasukane nyusun strategi kanggo nglawan Walanda. "Para Prajurit, kene kudu ngatur strategi kanggo nglawan Walanda supaya ora kalah maneh! Lemah Jawa kuwi ora bakal dakwenehke Walanda!" Omonge Singablendhang ngobong semangate para prajurit. "Sarujuk!", semaure para prajurit bebarengan kanthi semangat.
3	Pertengahan Cerita	Walanda krungu kabar yen Singablendhang mbangun pos ana ing Pakis Aji. Walanda banjur nyerang pos Singablendhnag ing Pakis Aji, nanging merga pasukane Singablendhang wis latiyan kanthi apik, mangka pasukane Singablendhang bisa ngalahake Walanda.

4	Klimaks	" Nuwun Sewu, Singablendhang. Kula mireng menawi wonten lereng Gunung Muria, Walanda mulai nyerbu lan ngobrak-ngabrik kahanan wonten mrika." Kandhana salah siji pasukane Singablendhang. "Ya wis. Yen ngono ayo kene kabeh padha lunga menyang lereng Gunung Muria." Omonge Singablendhang kanthi mantep. Singablendhang banjur lunga menyang Muria karo pasukane. Ora leren suwe, tekan kana pasukane Singablendhang langsung diserbu dening pasukan Walanda.
5	Mengungkap Makna Cerita	Pasukane Singablendhnag kalah akeh lan kalah senjata, mangka ing paperangan kuwi pasukane Singablendhang kasil dikalahke dening Walanda. Singablendhang uga kasil dipateni Walanda. Singablendhang digawa menyang Pakis Aji lan dimakamke ana kono. Para warga Desa Pakis Aji kurmat banget marang Singablendhang amarga wis wani nglawan Walanda. Saben sedhekah bumi Desa Pakis Aji, makame Singablendhang akeh dijiarahi dening para warga desa.

16. Gong Senen

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Kabupaten Jepara diprentah dening Kanjeng Adipati Cokrokusumo. Dina kuwi dheweke lagi mlaku-mlaku ana ing sapinggire pendhapa.
2	Menggiring pada Keasyikan	Kanjeng Adipati Cokrokusumo minangka pandhegane Jepara ngalami kadadeyan sing ghaib. Dheweke nemokake saprangkat gamelan ing pendhapa kabupaten. “Saka ngendi asal usule gamelan iki, kamangka aku ora rumangsa tuku”, omonge Adipati. Kanjeng Adipati nyacak nabuh gamelan mau, ananging gamelan kuwi ora muni. Kanjeng Adipati banjur ngutus para abdi supaya nyacak nabuh gamelan mau, nanging tetep wae gamelan mau ora gelem muni
3	Pertengahan Cerita	Kanjeng Adipati mutuske supaya ngumpulke para lurah ing dhaerah Tahunan. Kanjeng Adipati nyritakake kedadean ghaib mau marang para lurah. “Lurah-lurah sedaya, anggonku ngumpulake panjenengan kabeh neng kene, amarga ana kedadean gaib sing dakalami.”

		Kandhane Adipati marang para Lurah. "Kedadeyan menapa Kanjeng?" Pitakone salah sawijining Lurah. "Wingi dumadakan ana gamelan neng pendopo kabupaten. Nalika tak bajal nabuh, gamelan kuwi ora gelem muni." Critane Kanjeng adipati marang para Lurah. Lurah-lurah mau uga kaget lan kepengin nyoba nabuh gamelan kuwi. Kanjeng Adipati banjur ngutus para lurah nyoba nabuh gamelan siji mbaka siji, nanging gamelan mau tetep ora gelem muni.
4	Klimaks	Lurah Senenan nalika tiba gilirane banjur nabuh gamelan kuwi lan gamelane bisa muni. Para lurah lan Kanjeng Adipati kaget weruh kahanan kang kaya mangkono. "Lurah Senenan, amarga gamelan kuwi gelem muni nalika kok tabuh, wiwit saiki kowe dakprentah nabuh gamelan kuwi saben dina Senin wayah esuk lan sore." Prentahe Kanjeng Adipati. "Inggih, Kanjeng", wangsulane Lurah Senenan.
5	Mengungkap Makna Cerita	Miturut Kanjeng Adipati wektu nabuh gamelan pendhak esuk lan sore kuwi nnduweni teges yaiku wayah esuk minangka wayahe para warga metu nyambut gawe, lan

		yen wayah sore kuwi minangka wayahe wong mulih saka nyambut gawe, saengga para warga bisa entuk berkah saka ditabuhe gamelan kuwi. Kanjeng Adipati uga ngendika yen ditabuhe gamelan kuwi supaya keluwarga Kanjeng Adipati tansah slamet lan para warga Jepara kalis ing bebaya. Saprangkat gong mau diarani Gong Senen dening para warga, amarga gong kuwi mung gelem muni yen ditabuh Lurah Senenan lan ditabuh pendhak dina Senin. Gong Senen saiki disimpen ana ing sisihe pendapa kabupaten sing diarani Panti Pradangga Birawa sing artine papan panggonan gamelan sing apik. Tradisi nabuh gamelan Gong Senen nganti saiki dilaksanakake saben Idul Fitri sawise sholat Ied. Ana anggepan para warga yen Gong Senen ora ditabuh pas wayah iku, Jepara bakal kena musibah.

17. Dumadine Desa Bugel

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita

1	Cara Membuka Cerita	Maulana Mangun Sejati kuwi musafir saka Arab sing nyebarake agama Islam neng Jepara. Dheweke krungu crita yen akeh musafir sing dirampok, ananging Maulanan Mangun Sejati tetep mantep anggone syiar agama Islam ing Jepara.
2	Menggiring pada Keasyikan	Dheweke saben dina mlebu desa-desa mulang agama Islam kanggo para warga. Maulana Mangun Sejati dicegat rampok ing tengah dalan nalika arep mulang.
3	Pertengahan Cerita	"Heh Kyai, endi wenehke kabeh dhuitmu. Yen ora, kowe bakal takpateni." "Wong enom kuwi kudu sopan marang wong tuwa. Ora kena nggetak, apa meneh ngrampok ing tengah dalan. Luwih becik awakmu kabeh padha sholat lan nyuwun ngapura marang Gusti." Mangkono omonge Maulana Mangun Sejati. "Aku ora butuh ceramahmu. Sing dakbutuhke dhuwitmu." Saurane para rampok mau. "Aku ora nduwe dhuwit, sing daknnduweni mung sajadah tasbih iki", muni mangkono Maulana Mangun Sejati karo dudohke sajadah lan tasbihe.
4	Klimaks	Para rampok banjur ngroyok

		Maulana Mangun Sejati amarga ora diwenehi apa sing dikarepake. Maulana Mangun Sejati banjur gelutan karo rampok sing cacahe akeh. Para rampok njajal nguncalke watu marang Maulanan Mangun Sejati, anaging watu mau malih dadi kerikil cilik-cilik sawise kena awake Maulanan Mangun Sejati. Rampok liyane uga njajal ngepruke kayu marang awake Maulana Mangun Sejati, nanging kayu mau banjur tugel cilik-cilik sawise ngenani awake Maulana Mangun Sejati.
5	Mengungkap Makna Cerita	Papan panggonan gelute Maulana Mangun Sejati lan rampok mau banjur diarani Desa Bugel. Para rampok padha kaget weruh yen Maulana Mangun Sejati pancen sekti. Para rampok sing gelut Maulana Mangun Sejati mau banjur melu Maulana Mangun Sejati dakwah lan dadi murid setyane Maulana Mangun Sejati.

18. Sultan Hadirin

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Sultan Ibrahim saka Aceh lagi bingung nemtokake sapa sing bakal genteni dheweke dadi Sultan Aceh. Anake loro

		padha-padha bisa dicagerke nerusake mandhegani Aceh. Toyip, putrane Sultan Ibrahim banjur minggat saka omah lan lunga menyang Cina. Dheweke ketemu karo Cie Hwie Gwan ing China. Toyip dadi bakul sing sukses lan sugih ing kana, nanging Toyip kelingan welinge Sultan Ibrahim supaya dheweke ngangsu kawruh marang Sunan Kudus.
2	Menggiring pada Keasyikan	Toyip banjur mangkat menyang Kudus dikancani karo Cie Hwie Gwan. "Kanjeng Sunan Kudus, kula sowan ngriki badhe nyuwun ijin dados muridipun panjenengan." Omonge Toyip marang Sunan Kudus. Toyip banjur dadi muride Sunan Kudus. Sunan Kudus ngutus Toyip supaya mapan ana ing pinggir kali Kalinyamatan. Toyip miwiti usaha ing Kalinyamatan nganti sukses. Toyip dadi misuwur merga dadi juragan sing sugih tur apik budhine. Sultan Trenggono jodohake Toyip karo Ratu Kalinyamat saengga Toyip nnduweni gelar Sultan Hadirin. Sultan Hadirin lan Ratu Kalinyamat banjur mrentah Jepara bebarengan
3	Pertengahan Cerita	Toyip lan Ratu Kalinyamat nemoni masalah gedhe yaiku Sunan Prawoto,

		kakange Ratu Kalinyamat dipateni dening Arya Penangsang. Sultan Hadirin, Ratu Kalinyamat lan rombongan prajurit banjur sowan ing Sunan Kudus karep njaluk kaadhilan, nanging Sunan Kudus malah mbelani Arya Penangsang. Sultan Hadirin lan Ratu Kalinyamat kuciwa marang Sunan Kudus. Sultan Hadirin, Ratu Kalinyamat lan rombongane banjur bali menyang Jepara.
4	Klimaks	Rombongane Sultan Hadirin diserang para prajurite Arya Penangsang ing tengah dalan. Sultan Hadirin tatu akeh lan digawa para prajurit tumuju Jepara. Serangan kuwi kadadean ing wayah sore, wayahe para warga wis nguripake damar, kamangka dhaerah kuwi diarani Desa Damaran. Para prajurit sing nggawa Sultan Hadirin mau banjur nerusake mlaku tumuju Kalinyamatan. "Dalane sajak lunyu banget. Kene bakal kangelan anggone nggawa Sultan Hadirin. Yen kaya ngene, ayo padha mrambat alon-alon kanthi cekelan wit-witan." Omongane salah siji rombongan mau. Amarga para prajurit anggone nggawa Sultan Hadirin kanthi cara mrambat, saengga desa sing dilewati kuwi saiki

		diarani Desa Prambatan. Rombongan sing nggawa Sultan Hadirin nglewati kali lan ngresiki getihe Sultan Hadirin ana kono. "Coba delengen, kaline wernane malih dadi wungu. Dakkira iki saka getihe Sultan Hadirin." Omonge salah sijine prajurit. Para warga desa ngarani dhaerah sakubenge kali kuwi Desa Kaliwungu. Rombongan nerusake mlakune sanajan wis kesel banget, nganti mlakune para prajurit sempoyongan. Dhaerah sing dilewati rombongan Sultan Hadirin nganti sempoyongan kuwi diarani Desa Mayong. Rombongan banjur nggawa Sultan Hadirin kanthi montang manting, mula dhaerah kuwi banjur diarani Desa Mantingan. Sultan Hadirin banjur dimakamke ana Desa Mantingan.
5	Mengungkap Makna Cerita	Kanggo ngurmati Sultan Hadirin sing wis ngedegake kaadhilan, mula para warga saka Desa Damaran nganti tekan Desa Krasak, saben tanggal 15 Ruwah nganakake tradhisi Baratan.

19. Siluman Bajul Putih

No	Teknik Menulis Cerita Rakyat	Deskripsi Cerita
1	Cara Membuka Cerita	Para warga ing Desa Banyumanis pada nyambut gawe dadi nelayan. Para nelayan anggone ngnggolek iwak saben wayah bengi, nanging dumadakan para nelayan weruh wong lanang ing tengah segara. Wong lanang kuwi yaiku Siluman Bajul Putih.
2	Menggiring pada Keasyikan	"Wah kae deloken. Ana wong lanang ganteng neng tengah segara." Omonge salah sawijining nelayan. "Iya, arep ngapa wong lanang kuwi wengi-wengi ana kene. Apa iya arep ngnggolek iwak?" Nelayan liyane melu takon marang kancane. Wong lanang mau banjur marani para nelayan. Wong lanang kuwi nggeret nelayan neng jero segara. "Ayo lunga ayo lunga." Kaya mangkono panjerite para nelayan. Kabeh nelayan banjur lunga neng darat. Para nelayan banjur nemoni Ki Bandar. Ki Bandar yaiku wong sing dianggep sekti ing kono. Para nelayan banjur nyritakake kedadeyan sing dialami nalika nggolek iwak wingi bengi.

		“Ki Bandar, nyuwun tulung panjenengan kalahke Siluman Bajul Putih menika. Siluman kuwi bakal gawe cilakane para warga Ki.” Wadhule salah siji nelayan marang Ki Bandar. “Iya. Wis saiki ayo padha diserang siluman kuwi bareng-bareng.” Semaure Ki Bandar.
3	Pertengahan Cerita	Ki Bandar lan nelayan banjur marani Siluman Bajul Putih ing pinggir segara. Siluman Bajul Putih banjur teka. Ki Bandar lan para nelayan nyerang Siluman Bajul Putih. Siluman Bajul Putih banjur ngilang neng jero segara amarga rumangsa bakal kalah. Ki Bandar lan para nelayan bali menyang omahe dhewe-dhewe amarga wis bisa ngalahke Siluman Bajul Putih. Para nelayan esuk-esuk wis digawe bingung amarga prahu-prahune padha rusak. Para nelayan nduga yen prahune kuwi dirusak dening pasukane Siluman Bajul Putih minangka wujud piwalese amarga wingi wis diserang Ki Bandar lan para nelayan. Para nelayan banjur nemoni Ki Bandar. “Sugeng enjang Ki Bandar. Enjing menika prahune kula lan kanca-kanca rusak

		merga serangane Siluman Bajul Putih.” Kandhane nelayan marang Ki Bandar. “Wis padha tenanga dhisik. Mengko aku tak menyang neng Eyang Kepel. Aku tak njaluk pitulungan marang Eyang Kepel supaya bisa ngadhepi Siluman Bajul Putih.” Wangsulane Ki Bandar. Ki Bandar banjur nemoni Eyang Kepel. Eyang Kepel mrentah Ki Bandar supaya njaluk pitulungan marang Ki Leseh amarga Ki Leseh bisa nembus alam siluman. Ki Bandar banjur nemoni Ki Leseh. “Nuwun sewu Ki Leseh. Kula diprentah dening Eyang Kepel nyuwun tulung kaliyan panjenengan supados mbiyantu nglawan Siluman Bajul Putih.” Omonge Ki Bandar. “Hahaha ora usah kok omongke, aku wis ngerti apa tujuwanmu arep mrene. Hahaha.” Wangsulane Ki Leseh karo guyu lakak-lakak. “Wis ora usah kuwatir. Aku bakal nyanggupi apa panjalukmu. Yen ngono ayo padha menyang segara lan ngadhepi Siluman Bajul Putih.” Omonge Ki Leseh

4	Klimaks	Ki Bandar lan Eyang Kepel banjur tumuju laut Metawar lan mbangun omah ing sapinggire laut. Wong loro kuwi padha ngenteni tekane Siluman Bajul Putih. Salah sawijining dina, Siluman Bajul Putih teka marani Ki Bandar lan Ki Leseh. Ki Bandar lan Ki Leseh banjur nyerang Siluman Bajul Putih. Amarga diserang wong loro, Siluman Bajul Putih meh kalah banjur mlayu menjero laut. Ora let suwe, Siluman Bajul Putih teka maneh gawa pasukane. Pasukane uga awujud baya sing wernane putih. Ki Leseh lan Ki Bandar banjur diserang pasukan baya mau. Ananging merga wong loro mau pancen sekti, Ki Bandar lan Ki Leseh kasil ngalahke pasukan baya putih. Ing kono, Siluman Bajul Putih janji yen dheweke ora bakal ganggu para nelayan lan warga desa maneh. Ananging wektu kuwi Siluman Bajul Putih uga menehi sarat marang Ki Bandar lan Ki leseh yen ana warga desa sing gawa klambi putih ing saubenge laut

		Metawar, mangka wong kuwi bakal diseret menjero laut lan dadi pasukan Siluman Bajul Putih.
5	Mengungkap Makna Cerita	Sawise kedadeyan kuwi warga desa saubenge segara kuwi ora wani nganggo klmabi putih nalika kana.

BAB V

PENUTUP

5.1 Simpulan

Berdasarkan penelitian yang telah dilakukan maka dapat ditarik simpulan sebagai berikut.

1. Proses pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara dilakukan dengan tiga tahap, yakni tahap prapenelitian di tempat, tahap penelitian di tempat, dan tahap pembuatan naskah cerita rakyat untuk pengarsipan. Tahap prapenelitian di tempat meliputi survei pendahuluan di Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupaten Jepara dan Perpustakaan Daerah Kabupaten Jepara, dan pencarian narasumber di setiap kecamatan. Tahap penelitian di tempat meliputi wawancara dengan narasumber, pendokumentasian hasil wawancara, dan pengamatan atau observasi ke tempat yang berhubungan dengan cerita rakyat. Tahap pembuatan naskah cerita rakyat untuk pengarsipan meliputi analisis satuan naratif pada setiap cerita rakyat, menyusun cerita rakyat ke dalam bentuk wacana bahasa Jawa, dan menyusun cerita rakyat ke dalam buku kumpulan cerita rakyat di Kabupaten Jepara.

2. Hasil pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara yaitu cerita rakyat *Mula Bukane Anane Perang Obor, Dumadine Teluk Awur, Ratu Kalinyamat, Dumadine Teluk Awur, Klentheng Welahan, Dumadine Desa Welahan, Mitos Grojogan Songgolangit, Raden Syakul Langgi lan Macan Putih, Mbah Mbono Keling, Siluman Bajul Putih, Sutojiwa, Ki Ageng Bangsri, Dumadine*

Sendhang Pangilon, R.A Mas Semangkin, Dumadine Sendhang Bidadari, Warok Singablendhang, Gong Senen, Dumadine Desa Bugel, dan *Sultan Hadirin.* Seluruh cerita rakyat tesebut disusun dalam bentuk buku kumpulan ceita rakyat di Kabupaten Jepara.

5.2 Saran

Berdasarkan simpulan di atas, maka saran dalam penelitian ini adalah sebagai berikut.

a. Penelitian pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara diharapkan dapat menjadi salah satu upaya pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara
b. Hasil pelestarian cerita rakyat di Kabupaten Jepara yang berupa buku kumpulan cerita rakyat di Kabupaten Jepara diharapkan dapat dijadikan sebagai pilihan bahan ajar mata pelajaran bahasa Jawa di sekolah.
c. Hasil penelitian seyogyanya bisa digunakan sebagai referensi untuk penelitian selanjutnya

DAFTAR PUSTAKA

Alaydrus, Abubakar, Siswo Harsono, Arida Widyastuti, Atrinawati, Wiwik Sundari. 1994. *Inventarisasi Cerita Rakyat di Kabupaten Demak.* Laporan Penelitian. Universitas Diponegoro, Semarang.

Bascom, William. 2006. "The Forms of Folklore : Prose Narrative*"*. *The Journal of American Folklore*. Vol. 78. Hlm. 307. USA : American Folklore Society.

Danandjaya, James. 2002. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng dan lain lain*. Jakarta : Grafiti.

Endraswara, Suwardi. 2005. *Tradisi Lisan Jawa*. Yogyakarta : Narasi.

Gimblett, Barbara Kirshenblatt. 2004. "Intangible Heritage as Metacultural Production". Nomor 221-222. Vol. 56. Hlm. 52-65. UK : Blackwell Publishing.

Fu Chen, Chou Chan, Hsien Huang, Hung Lin. 2006. "A Digital Library for Preservation of Folklore Crafts, Skills, and Rituals and Its Role in Folklore Education". *Digital Libraries: Achievements, Challenges and Opportunities.* Vol: 4321. Hlm. 32-41. Berlin : Springer Berlin Heidelberg.

Halim, Muhammad Nur. 2014. *Inventarisasi Cerita Rakyat di Kabupaten Grobogan*. Skripsi. FBS, Universitas Negeri Semarang.

Hendroyono. 2006. *Jepara, Sejarah dan Budaya*. Perpustakaan Daerah Kabupaten Jepara (tidak diterbitkan).

Lourdi, Papatheodoru, dan Nikolaidou. 2007. "A Multi Layer Metadata Schema for Digital Folklore Collections". *Journal of Information Science*. Nomor 33. Hlm. 197-213. Athens : Sagepublications.

Mawarni, Iga Yuniasri. 2014. *Inventarisasi Cerita Rakyat di Kabupaten Blora*. Skripsi. FBS, Universitas Negeri Semarang.

Minsarwati, Wisnu. 2002. *Mitos Merapi & Kearifan Lokal*. Yogyakarta : Kreasi Wacana.

Mughal, Mohammad Rafique. 2010. "Preservation Heritage in Pakistan from National and International Perspektive". Hlm 1-27. Boston: University Center for Archaeological Studies.

Mustafa, Rizanur Gani, Sarwono Kartodipura, Busri, Atar Semi, Zaura Gusmali. 1993. *Sastra Lisan Mentawai*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.

Pager, A Sean. 2012. "Preservation Through Innovation". *Journal of Stanford-Yale Junior Faculty Forum*. Nomor 4. Hlm. 1835-1895. Michigan: Michigan State University.

Rampan, Korrie Layun. 2014. *Teknik Menulis Cerita Rakyat*. Bandung : Yrama Widya.

Sa'ah, Khotami Nur. 2014. *Inventarisasi Cerita Rakyat di Kabupaten Banjarnegara*. Skripsi. FBS, Universitas Negeri Semarang.

Setyaningrum, Desyanti. 2014. *Inventarisasi Cerita Rakyat di Kabupaten Boyolali*. Skripsi. FBS, Universitas Negeri Semarang.

Sudarsa, Caca. 1995. *Cerita Rakyat dalam Majalah Berbahasa Jawa 1980-an*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya : Citra Wacana.

Sugono, Dendy. 2007. *Buku Praktis Bahasa Indonesia*. Jakarta : Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Sukadaryanto. 2010. *Sastra Perbandingan: Teori, Metode, dan Implementasi*. Semarang : Griya Jawi.

SILSILAH RATU KALINYAMAT



Sumber : Ali Syofi'i

SILSILAH MBAH LANGGI

1. Nabi Muhammad Rasulullah
2. Berputri Fatimah Az-Zahra/ Ali Bin Abi Thalib
3. Beputra Al-Imam Al-Husain
4. Berputra Al-Imam Ali Zainal Abidin
5. Beputra Al-Imam Muhammad Al-Baqir
6. Beputra Al-Imam Ja'far Shadiq
7. Beputra Al-Imam Ali Al-Uraidhi
8. Beputra Al-Imam Muhammad
9. Beputra Al-Imam Isa
10. Beputra Al-Imam Ahmad Al-Muhajir
11. Beputra As-Syayid Ubaidillah
12. Beputra As-Syayid Alwi
13. Beputra As-Syayid Muhammad
14. Beputra As-Syayid Ali Khali' Qasam
15. Beputra As-Syayid Muhammad Shahib Mirbath
16. Beputra As-Syayid Alwi Ammil Faqih
17. Beputra As-Syayid Abdul Malik Azmathkan
18. Beputra As-Syayid Abdullah
19. Beputra As-Syayid Ahmad Jalaludin
20. Beputra As-Syayid Husain Jamaludin
21. Beputra As-Syayid Barakat Zinal Alam
22. Beputra As-Syayid Maulana Malik Ibrahim
23. Beputra As-Syayid Raden Abdul Ghofur
24. Beputra As-Syayid Raden Syakul Langgi

Sumber : Hendroyono

DAFTAR NARASUMBER

No	Nama	Usia	Alamat	Pekerjaan	Cerita Rakyat
1	Ali Syofi'i	68	Ds. Mantingan	Juru Kunci	*Ratu Kalinyamat*
2	Pujo Purwanto	56	Ds. Tegal Sambi	Petinggi Desa Tegal Sambi	*Mula Bukane Anane Perang Obor*
3	Sarmidi	48	Ds. Teluk Awur	Juru Kunci	*Syekh Jondang*
4	Ramito	70	Ds. Teluk Awur	Staf Kecamatan	*Dumadine Teluk Awur*
5	Suwi	50	Ds. Welahan	Penjaga Klentheng	*Klentheng Welahan*
6	Giyono	49	Ds. Welahan	Modin	*Dumadine Desa Welahan*
7	Mustajab	52	Ds. Cepogo	Warga Asli	*Mitos Grojogan Songgolangit*
8	Hendroyono	45	Ds. Kembang	Dalang	*Raden Syakul Langgi lan Macan Putih*
9	Noor Kholis	43	Ds. Keling Mbono	Petinggi Keling	*Mbah Mbono Keling*
10	Ainur Rofiq	54	Ds. Tulakan	Camat Donorojo	*Siluman Bajul Putih*
11	Hadi Priyanto	50	Ds. Bondo	Budayawan	*Sutajiwo*

12	Abdullah	69	Ds. Wedelan	Juru Kunci	*Ki Ageng Bangsri*
13	Sukari	63	Ds. Bate	Warga Asli	*Dumadine Sendhang Pangilon*
14	Salim Purnomo	49	Ds. Mayong Lor	Camat Mayong	*Raden Ayu Mas Semangkin*
15	Suhardi	51	Nalumsari	Ketua RT	*Dumadine Sendhang Bidadari*
16	Tresno	62	Ds. Pakis	Juru Kunci	*Warok Singablendhang*
17	Sulur	55	Ds. Mulyoharjo	Penjaga Panti Pradonggo Birowo	*Gong Senen*
18	Mardi	57	Ds. Bugel	Warga Asli	*Dumadine Desa Bugel*
19	Widodo	50	Ds. Krasak Pecangaan	Petinggi Desa Krasak	*Sultan Hadirin*